

Enfòmasyon sou Otis kay Jèn Tibebe - Eskrip



Dyapozitif 1. Kisa mwen pral aprann nan zouti Navigatè sou Otis sa a?

Byenveni nan Navigatè Otis la, yon koleksyon inik zouti ki baze sou entènèt ki genyen ladann anpil videyo pou rapwoche lasyans ak pratik kominotè yo.

Ou pral genyen opòtinite eksplòre twa sijè sou otis. Ou pral aprann sou:

- dyagnostik esansyèl karakteristik otis,
- enpòtans esansyèl deteksyon ak entèvansyon prekòs, ak
- enfòmasyon ajou sou prevalans ak koz otis.

Ou pral genyen tou opòtinite pou jwenn aksè ak kèk fonksyon inovatè nan Navigatè Otis la. Yon endèks sou dyapozitif ki sou bò goch ba zouti ki pa anba a. Yon vizyalizè dyapozitif ki sou bò goch ba zouti ki pa anba a. Sa ka sèvi pou navige fasilman nan dyapozitif espesifik. Pou yon vizit poukont ou aprann kòman pou w navige Navigatè Otis la epi pou sipò teknik, ale nan Èd ki nan ba anwo a.

Ki dyagnostik esansyèl karakteristik otis?

Dyapozitif 2. Videyo: Ki enpak otis genyen sou nou kounyea?

Timoun: *Kay Gingerbread...Cornucopia...*

Otis ka vizib oswa sibtil. Yon timoun ki ka li a twazan, men ki pa ka jwe peak-a-boo...

Timoun: *Tat anana Macadamia...*

Yon moun ki konnen tout bagay sou tren ak dinozò epi ki fache si w poze l kesyon sou nenpòt lòt bagay. You moun ki gendwa pa janm pwononse yon mo, men ki prefere sèvi ak imaj oswa chante pou fè konprann li. Siy yo varye nan menm nivo ak valè timoun ki afekte.

Li afekte tout timoun. Tigason yo 4 fwa pi souvan ke tifi. Pa genyen makè medikal oswa tès medikal pou ede dyagnostike li. Kòz la rete enkonni. Siy li yo ka dramatik. Oswa pou je ki pa fòme, fasil pou rate. Li kòmanse bonè anpil nan devlopman. Frè ak sè timoun ki afekte kouri pi gwo risk. Pa genyen solisyon mirak. Pa gen remèd. Men genyen anpil bagay nou ka fè. Nou konnen pa egzantp, anpil timoun ka atenn potansyèl konyitiv ak emosyonèl yo si tretman an kòmanse bonè. Plis yon doktè ka idantifye timoun ki gen chans pou yo afekte, genyen plis chans pou anvizaje posiblite devlopman tipik la. Ou pral wè plis fanmi ki enkyete epi ki gen konfizyon, paran ki bezwen doktè yo antanke obsèvatè fòme, sous enfòmasyon, lidè chèf ekip.

Dyapozitif 3. Ki dyagnostik esansyèl karakteristik twoub espektwòm otis?

Poko genyen yon **makè byolojik** pou otis donk, nan ka sa a, dyagnostik la baze sou fonksyon **konpòtman**. Kritè dyagnostik yo itilize plis soti nan DSM, ki se Manyèl Dyagnostik ak Estatistik Twoub Mantal (Diagnostic and Statistical Manual of Mental Disorders).

Premye domèn nan se Andikap nan Kominikasyon Sosyal ak Entè-aksyon Sosyal.
Dezyèm domèn nan se Chema Konpòtman, Enterè, oswa Aktivite Limite ak Repetitif.

Genyen **two** fonksyon nan premye domèn nan epi 3 **yo** obligatwa pou yon dyagnostik twoub espektwòm otis la. Genyen **kat** fonksyon nan 2^{yèm} domèn nan ak sèlman 2 nan 4 la ki obligatwa nan dyagnostik la.

Fonksyon sa yo dwe prezan nan peryòd devlopman prekòs epi lakoz andikap nan fonksyònman kotidyen yo.

Si w enterese jwenn plis detay sou fonksyon dyagnostik esansyèl ASD ale nan “**Zouti**” nan ba navigasyon pa anwo a. “**Zouti**” genyen ladann materyèl enprime a lyen sitwèb ki sou otis.

Dyapozitif 4. Poukisa li difisil konsa pou idantifye otis bonè?

Leson ansyen “Elefan ki nan Sal Fènwa a” ede nou konprann poukisa li **difisil** konsa pou idantifye otis kay jèn timoun. Dapre istwa a yo mete yon elefan nan yon sal ki fènwa ak yon gwoup moun yo mennen wè li. Paske li twò fènwa, yo te bezwen santi li pou konnen kisa li ye. Yo chak touche yon pati **diferan** epi sèlman **yon** pati, a yon pwèn kote yo vin tire konklizyon diferan epi **pèsonn** pa reyalize si se yon elefan.

Menm lè w panse otis se yon andikap **grav** nan anfans, karakteristik yo ka modere menm jan yo ka grav men li ka fasil pou **rate** yo si w pa gade **konbinezon** karakteristik yo. Pwofesyonèl yo resevwa fòmasyon pou gade karakteristik espesifik atravè lanti disiplin yo. Sepandan, amwenke nou gade karakteristik **konbinezyon** yo, nou **gendwa** tire move **konklizyon** apati de obsèvasyon nou yo.

Dyapozitif 5. Videyo: Èske w rekonèt lè kominikasyon sosyal tipik oswa li se yon siy prekòs otis?

Lektè videyo sa a genyen videyo klip yo mete ansanm yon fason pou w ka konpare epi fè diferans ant konpetans kominikasyon sosyal Charlie ki sou bò goch, k ap devlope nòmalman ansanm ak Luke ki sou bò dwat, kòmkiwa yo te dyagnostike ak otis. Jwenn nimewo 1, 2, ak 3 anba lektè videyo yo. Klike sou chak nimewo pou monte yon pè diferan ki montre tou de timoun yo nan yon ane apre.

Devlopman nòmal: Charlie lè li gen 16 mwa

Klip sa a montre Charlie pandan CSBS la, ki se Echèl Kominikasyon ak Konpòtman Senbolik (Communication and Symbolic Behavior Scales) ki fèt espesyalman pou jèn timoun.

Manman: *Men ni! Anwo, anwo, anwo, anwo, anwo!*

Gade kòman Charlie montre enterè nan chan l ap fè echanj epi prete atansyon ak fasilite a ni bil yo, ni moun yo.

Charlie: *Pop!*

Klinisyen & Manman: *Pop! Oo! Bloke!*

Charlie: *(bougonnen)*

Klinisyen: *An! Ooo! Vèse l atè*

Charlie: *Klak!*

Manman: *Li bloke*

Charlie: *(bougonnen)*

Klinisyen: *Ou bezwen yon ti èd?*

Ou ka wè li k ap aprann- li gade, tandè, epi imite yon mo.

Klinisyen: *Bloke!*

Charlie: *(bougonnen)*

Klinisyen: *An! Ooo!*

Gade jan li byen kowòdone rega ak son yo pou pataje pwoblèm nan epi fè jès pou mande èd.

Siy Prekòs Otis Luke lè li gen 15 mwa

Kounyea gade Luke nan menm sityasyon an. Gade konpetans kominikasyon prekòs li epi kòman yo diferan parapò ak pa Charlie yo ki genyen menm laj.

Klinisyen: *Bon eklatman! Ou pran tiboul la!*

Manman: *Se la tiboul yo ye!*

Klinisyen: *Ouvri*

Manman: *Ou vle manman ede w?*

Klinisyen: *Ou vle plis tiboul? Èske w bezwen èd?*

Manman: *(dousman) Ban nou bil yo.*

Klinisyen: *Ou vle m fè li?*

Tankou Charlie, Luke te montre enterè nan bil yo, li sèvi ak yon jès ban mwen pou mande “plis”, epi li gade klinisyen an. Poutan, Luke pa t montre anpil ekspresyon nan figi li, li te gade anwo raman, li pa sèvi oswa ak mo, epi li p at kominike anpil, sa ki an konbinezon se koz enkyetid nan laj sa a. Pou zye ki pa antrene, diferans ant de timoun yo gendwa sanble sibtil epi ou ka rate yo fasilman. Tou de montre konpòtman repetitif, Charlie se souke bokal la plizyè fwa, Luke vire bokal la devan dèyè; men parapò ak enterè sosyal Charlie a kote li te fè kòmantè ke bokal la bloke, Luke te sanble pi enterese nan bokal la, pase fè echanj ak moun yo.

Devlopman nòmal: Charlie lè li gen 27 mwa

Klinisyen: *Men Pluto.*

Kounyea nou pral wè Charlie ak Luke ankò, anviwon yon ane apre, fwa sa a pandan ADOS, ki vle di Pwogramasyon Obsèvasyon Dyagnostik Otis (Autism Diagnostic Observation Schedule, ADOS), zouti estanda an lò pou ede fè yon dyagnostik.

Charlie: *Ou tande sa? Èske li fò?*

Klinisyen: *Mwen tande sa, li fò*

Charlie: *Li fè zòrèy mwen fè m mal!*

Klinisyen: *Li fè zòrèy ou fè w mal?*

Gade kapasite enpresyonan nan langaj ak konvèsasyon Charlie rive devlope pandan yon ane.

Charlie: *Li fè zòrèy ou fè w mal, Manmi?*

Manman: *Mmm... pa vrèman. Men se yon gwo son vre.*

Charlie: *Mwen pa pè.*

Manman & Klinisyen: *Ou pa pè.*

Devlopman langaj kay timoun piti ki nòmal se yon bagay remakab. Li rive posib ak eksperyans reyisi nan enplikasyon entè-aksyon sosyal menm anvan pawòl.

Klinisyen: *O, gade, kisa w genyen?*

Charlie: *Yon kamyon!*

Klinisyen: *Yon kamyon*

Charlie: *Yon bis!*

Klinisyen: *Ak yon bis.*

Charlie: *Yon machin polis.*

Klinisyen: *Ak yon... Ok.*

Charlie: *Yon fougon!*

Klinisyen: *Yon fougon! Wi!*

Siy Prekòs Otis Luke lè li gen 28 mwa

Kounyea gade Luke. Gade sou kisa li konsantre atansyon li...

Klinisyen: *Luke!*

...ak fason gwo enterè li pou jwèt la gen enpak sou entè-aksyon li.

Klinisyen: *Luke! Ey Luke! Èske w ka fè li gade w lè w rele li ak non !?*

Manman: *Luke! Luke! Gade Manmi!*

Papa: (andeyò ekran an) *Li vrèman gen yon meday lò nan pa gade si gen yon bagay li vle fè.*

Manman: *Ey Luke! Gade Manmi! Gade! Manmi gen telefòn!*

Enterè Luke nan jwèt la tèlman entans li menm gen difikilte pou detounen atansyon li de jwèt la pou gade moun k ap site non li yo. Aprè plizyè tantativ pou fè li reponn, manman li reyalize li te ka atire atansyon li ak yon lòt jwèt ki fè yon son mizik.

Menm lè Luke **pa janm** detounen atansyon li bay yon moun, li **te** kapab detounen atansyon li pou de objè. Li posib ke se akòz otis li a, Luke wè plis detay nan jwèt la ak jan li fonksyone pase jan yon timoun nòmal t ap wè sa. Kontrèman ak Luke, panse ak fason atansyon fleksib Charlie ak enterè li nan moun te ba li yon abondans opòtinite pou li aprann de lòt moun epi fè echanj ak yo. Apati de videyo klip sa yo, ou ka wè kòman eka kapasite kominikasyon sosyal la vin pi laj nan sèlman yon ane. Kèk karakteristik otis ki te ka fasil pou rate a 15 mwa, te parèt konplètman nan laj 28 mwa.

Devlòpman nòmal: Charlie lè li gen 27 mwa

Nan dènye aktivite goute sa a, gade kijan Charlie sèvi ak langaj.

Charlie: *Kisa sa yo ye?*

Klinisyen: *Sa yo se Teddy Grahams. Ou renmen Teddy Grahams? Mwen renmen yo tou. Mwen renmen Teddy Grahams.*

Charlie: *(souke tèt li)*

Klinisyen: *Ou konn kiyès ki renmen Teddy Grahams lakay mwen?*

Charlie: *Ou manje yo?*

Klinisyen: *Mwen manje yo wi, epi w konnen kiyès ankò ki manje yo? Ti chen m nan... renmen Teddy Grahams!*

Charlie: *Waw!*

Klinisyen: *Waw, wi li manje bonbon. Men kèk fwa li met tèt li nan pwoblèm.*

Charlie: *Èske l ap vin pi gwo? Si li manje youn?*

Klinisyen: *Lè li vin pi gwo li kapab... ale nan bokal bonbon an. Wi, deja li ka jwenn tout sa li vle.*

Charlie poze kesyon espontaneman epi fè kòmantè ak pawòl ki te byen entegre rega epi ekspresyon figi li.

Charlie: *Ou manje yo?*

Klinisyen: *Mwen manje yo wi. Ou konn kiyès ankò ki manje yo? Ti chen m nan... renmen Teddy Grahams!*

Charlie: *Waw!*

Klinisyen: *Waw, wi...*

Li te gen kapasite pou tande aktivman istwa a epi reponn pandan l ap montre enterè epi poze kesyon pou plis enfòmasyon. Videyo klip sa a montre gwo konpetans respipwosite sosyal ak konpòtman nonvèbal yon jèn timoun nòmal.

Siy Prekòs Otis Luke lè li gen 28 mwa

Kounyea gade Luke pandan goute a. Ki karakteristik andikap kominikasyon sosyal nou wè?

Papa: *(andeyò ekran an) Gen de fwa li mande nou pou nou ouvri yon sachè chips oswa kale yon fig oswa nenpòt bagay.*

Klinisyen: *An, an.*

Papa: *(andeyò ekran an) Men li... anjeneral pi grangou nan moman sa a.*

Klinisyen: *An, an...*

Papa: *(andeyò ekran an) Nou te dwe achte yon sachè Tostitos, mwen pa konnen.*

Klinisyen: *Ou vle sa a? Kalite sa a? Men ni.*

Manman: *Mwen eseye pa ba li twòp manje... nan ti dejene. Bon tigason.*

Klinisyen: *Rezen gou.*

Luke te chita byen kalm sou tab la, li te montre klèman li enterese manje goute a, epi te sanble alèz nan sitiwayon sa a. Sepandan, li demontre two karakteristik kominikasyon sosyal otis nan ti videyo klip tou kout sa a---yon mank inisyativ ak repons ki ka ofri entè-aksyon; jès, ekspresyon figi ak mo limite; ak mank enterè nan moun yo. Ou ka wè kounyea sa ki se yon gwo diferans kapasite kominikasyon sosyal timoun sa yo epi wè enpak siyifikatif karakteristik otis yo sou devlopman yo.

Dyapozitif 6. Videyo: Èske w te rekonèt konpòtman limite ak repetitif kay 3 jèn timoun ki gen otis?

La a nou pral gade videyo klip twa timoun ki gen twoup espektwòm otis yon fason pou w konsantre w sou karakteristik konpòtman repetitif. Lektè videyo sa a gen videyo klip yo mete ansanm yon fason pou w wè chak timoun nan de tranch laj diferan. Gade jan konpòtman inabityèl sa yo kòmanse parèt tou sibtil antanke jèn timoun epi vin parèt pi vizib ofiramezi laj ap ogmante. Klike sou chak nimewo pou monte yon pè diferan ki montre menm timoun nan yon lè li genyen de laj diferan.

Siy Prekòs Otis Anthony lè li gen 24 mwa

Kounyea gade Anthony lè li gen 24 mwa.

Klinisyen: *Gade, Manmi gen youn. Pop! Ti boul! Kè w kontan! Ti boul!*

Èske w obsève jan dwèt li yo rete rès ak yon posti inabityèl lè kè li kontan pou ti boul yo?

Dyagnostik Karakteristik Klè: Anthony lè li gen 4 ane

Kounyea gade Anthony lè li gen 4 ane epi obsève jan mouvman repetitif li yo te vin chanje depi 24 mwa.

Klinisyen: *Pran li! Pop! Men ni.*

Anthony: *Ti boul?*

Klinisyen: *O, ou vle plis ti boul? Dènye fwa!*

Frè: *Mwen jis pral soufle kèk ti boul.*

Klinisyen: *Vwala!*

Fason Anthony te konn mete dwèt li a vin tounen pa t men, sa vin parèt yon debòdman kè kontan li genyen lè li soufle ti boul yo. Yon fwa vag kè kontan an pase, Anthony sispann bat men li epi li ka mande kounyea fasilman plis ti boul ak pawòl, fè yon jès, epi fè yon koudèy rapid sou klinisyen an. Pandan limenm ak frè li a ap pete tiboul, vag pa t men an rekòmanse ankò.

Siy Prekòs Otis Ryan lè li gen 20 mwa

Obsève Ryan lè li te genyen 20 mwa ak jwèt jèn timoun toujou sèvi epi fè sanblan.

Klinisyen: *Oo! Kraze! Epi mwen ka jwe tou. Li limen? An, an! An, o! Ou vire l devan dèyè!*

Mwen pral fè manje la a. Bwase, bwase, bwase! Bwase, bwase, bwase! Tou pa w!

Èske nou te remake li te enterese nan objè men li pa t montre sa oswa pataje enterè li? Olye de sa li vire yo tèt anba plizyè fwa oswa woule yo. Yon fwa yo mete je kuizin nan deyò, enterè li te konsantre sou vire yo ak bagay k ap vire yo. Petèt Ryan t ap fè eksperyans pou wè kòman objè yo deplase epi ki son yo fè. Sepandan, enterè limite li a vin sèvi obstak pou li montre enterè oswa fè echanj.

Dyagnostik Karakteristik Klè: Ryan lè li gen 5 ane

Kounyea gade Ryan lè li te gen 5 ane pandan ADOS. Klip sa a montre gwo pwogrès Ryan te fè apre entèvansyon prekòs la, men obsève karakteristik otis yo ki toujou klè.

Ryan: *Èske m ka al lakay mwen ak sa a?*

Manman: *Non, men ou gendwa jwe avèk li la a.*

Ryan: *Èske mwen ka al lakay... ak sa a?*

Klinisyen: *Ou paka al lakay avèk li.*

Manman: *Sa a se pou lòt timoun ka jwe.*

Ryan: *Èske mwen ka prete li?*

Manman: *Pandan w la a. Pandan nou la jodia ou kapab prete li. Se yon bèl boul, pa vre?
A kisa li sanble?*

Ryan: *Yon glòb.*

Manman: *Se vre.*

Ryan: *Èske m ka al lakay mwen ak sa a epi kite sa a la a?*

Manman: *Non, se yon bon ide men lòt timoun yo bezwen jwe avèk li tou.*

Konpetans vèbal Ryan te vrèman enpresyonan pandan l ap eseye negosye pou li ale ak youn nan boul yo lakay li. Manman Ryan te mansyone ke premye enterè li nan woule te evolye pou tounen youn fasinasyon pou planèt nan laj dezan. Sepandan, gwo enterè li te genyen pou boul sa yo te entèfere ak kapasite li pou li enplike nan jwèt imajinasyon oswa pale de yon lòt sijè.

Siy Prekòs Otis Mara lè li gen 20 mwa

Gade Mara lè li gen 20 mwa. Li gen difikilte soti nan yon jwèt pou ale nan yon lòt. Obsève ak kisa Mara ap prete atansyon.

Klinisyen: *Èske w ka sispann brase pou yon segonn pou w konstwi yon tou pou mwen?
Wi, gade!*

Manman: *Èske w ka fè... èske w ka fè blòk yo?*

Klinisyen: *Anwo? Pa gen pwoblèm, ou ka kite yo. Gade! Anwo!*

Manman: *En, de...*

Klinisyen: *Eseye.*

Manman: *Èske w ka fè blòk?*

Klinisyen: *Vide li ladann. Vide li ladann!*

Manman: *Èske w ka...Mara, kote blòk yo?*

Mara te demontre difikilte pou detounen atansyon li de bwase ak kiyè a, ki te yon gwo enterè, pou anpile blòk.

Klinisyen: *Fè li!*

Manman: *Èske w ka...èske w ka fè yon tou ak blòk yo?*

Klinisyen: *Èske nou ka kraze li? Kraze! Kaboum! Sa yo se pou ou. Sa yo se pou ou.
Sayosepou ou. Si w te ka sèlman libere yon men.*

Manman ak Klinisyen: *(ri)*

Klinisyen: *Men ni! Mèsi. Sou tèt li!*

Menm lè l ap anpile blòk yo, ou ka wè jan atansyon li toujou rete sou kiyè a. Entansite rega li te inabityèl pou laj li epi li te entèfere ak kapasite li pou fè echanj epi jwe ak yon varyete objè.

Klinisyen: *Kaboum, yo pral atè.*

Mara: *Oo!*

Manman: *Anwo?*

Klinisyen: *Ou konnen? M ap pran kat, san pwoblèm.*

Mara: *(babye) no-no-we?*

Klinisyen: *Wi, mwen konnen sa a se pou ou.*

Dyagnostik Karakteristik Klè: Mara lè li gen 3 ane

Kounyea ann gade Mara lè li gen 3 ane pandan ADOS. Obsève fòs li ak difikilte li genyen ak entè-aksyon sosyal.

Klinisyen: *Ou vle jwe wòl papi a? Oke. Ou pare?*

Mara: *Mwen pare.*

Klinisyen: *Bonjou, papi! Kòman w ye? Èske w vle ale nan pak la?*

Mara: *Ow! Mwen pile yon bagay! Mwen pile...yon bagay!*

Klinisyen: *O, non! Kisa w pile la a?*

Mara: *Mwen pile ji m nan.*

Klinisyen: *Èske w anfòm?*

Mara: *Wi.*

Klinisyen: *Èske w vle ale nan pak la avèk mwen?*

Mara: *Non, mwen pa kwè... Mwen vle rete lakay mwen!*

Klinisyen: *Ou vle rete lakay ou? Bon, kisa w vle fè lakay ou a?*

Mara: *Ow! Mwen pile yon bagay!*

Klinisyen: *O, non!*

Mara kontinye repete fraz— “Ow, mwen pile yon bagay”. Obsève kòman lefètke l ap repete fraz sa a ede li patisipe nan entè-aksyon an.

Mara: *O, men dine tibebe a! Gade! Ow! Mwen pile yon bagay!*

Klinisyen: *O, non! Kisa w pile fwa sa a?*

Mara: *Mwen pile yon... kiyè!*

Klinisyen: *Kiyè m nan?*

Konpetans Mara nan langaj parèt bon pou laj li. Li te reponn òf klinisyen an epi te sanble enplike ak jwèt yo. Sepandan, bon obsèvasyon ak montre li te gen respwosite limite epi vwa li ap chante. Mara te sèlman gade klinisyen an lè l ap sèvi ak fraz repetitif la. Menm lè sa te ede li enplike nan entè-aksyon li an, enterè limite li a te limite jwèt imajinasyon li ak kalite entè-aksyon sosyal li.

Dyapozitif 7. Kisa leson je elefan an ye?

An nou retounen nan leson laj elefan nan fènwa a. Pou amize w, chwazi je w panse ki pou elefan w?

Sa gendwa pyeje w pou w ilistre jan je yo sèlman pa sifi pou w konnen se yon elefan.

Dyagnostik karakteristik espektwòm twoub otis yo se yon konbinezon mank konpòtman nòmal ak prezans konpòtman inabityèl.

Mank etap nòmal enpòtan sou plan sosyal, langaj ak kominikasyon ta dwe siyale w ke yon timoun ki anba risk ASD.

Dyapozitif 8. Kòman konpòtman inabityèl ede nou idantifye otis?

Se prezans konpòtman inabityèl— tankou mouvman repetitif ak enterè fikse— ki espesifik ak otis. Konpòtman inabityèl sa yo, an konbinezon ak mank konpòtman nòmal, ede nou idantifye epi dyagnostike twoub espektwòm otis.

Dyapozitif 9. Poukisa li fasil pou nou rate konpòtman inabityèl yo?

Prezans konpòtman inabityèl ka pi difisil pou obsève pase mank konpòtman nòmal etap devlopman enpòtan. Obsève konpòtman repetitif yo ak enterè limite yo nan foto sa yo.

Premye foto a montre jan dwèt la t ap briye epi te rete rès lè Anthony eksite. Konpòtman inabityèl sa a brèf epi yon moun gendwa rate li byen fasil.

Nan pwochen foto a, Anthony, ki non-vèbal, te entèlijan anpil nan fason pou li vire bokal la tèt anba epi fè li vire byen vit ak ti dwèt li yo.

Nan pwochen foto a, obsève jan timoun sa a gen konpetans nan konstwi yon tren. Paske konpetans sa a sofistike pou laj li, yo gendwa pa rekonèt li tankou yon enterè entans epi yo ka rate li antanke siy ASD.

Pwochen timoun nan nonvèbal men li montre enterè nan konstriksyon yon tou ak blòk epi li gen yon gwo enterè nan lèt ki ekri sou blòk yo.

Timoun ki gen ASD gendwa montre yon fòs relatif— kote, menm lè li sanble prekòs— sa gendwa yon siy otis. Sou plan endividyèl yo gendwa pa rekonèt fòs sa yo kòm siy. Men nou obsève yo an konbinezon ak lòt siy, n ap kòmanse wè yon pi gwo tablo k ap desine.

Dyapozitif 10. Nan ki fason mank kominikasyon sosyal afekte relasyon yo ofiramezi timoun yo ap grandi?

Resipwosite ki se ekilib bay ak pran nan relasyon sosyal, patikilyèman difisil pou endividi ki gen ASD nan longè yon vi. Entè-aksyon ak konvèsasyon sanble ale nan yon sèl sans lè yon moun ki limite nan konpetans pou konprann emosyon, panse, ak pèspektiv yon patnè sosyal. Difikilte nan relasyon ak kamarad ka reflekte mank kominikasyon sosyal yo. Anpil moun ki gen espektwòm otis la vle genyen zanmi, men yo manke konpetans nesèsè pou devlope epi kenbe yo. Tantativ yo pou fè echanj sanble etranj, inapwopriye, oswa lòt moun mal konprann yo akòz mank kominikasyon sosyal yo. Granmoun ki gen otis di yo gen difikilte konprann epi entèprete niyans non-vèbal yo ki gen nan flète ak relasyon mennaj. Kijan yon moun FE konnen si yon moun enterese oswa ki kantite atansyon ki apresye? Anpil nan enfòmasyon sa a pa nan pawòl moun pale, men souvan nan siyal non-vèbal sibtil rega, ekspresyon figi, ak posti kò. Endividi ki gen otis bezwen aprann konpetans sosyal sa yo pou yo ka etabli epi kenbe relasyon ki reyisi.

Si w enterese aprann plis sou Karakteristik Kominikasyon Sosyal ale nan Prezantasyon Kout ki twouve li nan “**Ideas**” (Lide) ki sou ba navigasyon an. “Ideas” genyen ti dokimantè epi ti prezantasyon kout sou otis.

Dyapozitif 11. Poukisa konpòtman repetitif ak enterè limite enpòtan pou endividi avèk otis— granmoun kou timoun?

Pou pifò nan nou, yon chanjman okazyonèl nan woutin fèt san nou pa apès sa, men pou yon moun ki gen otis, menm yon ti chanjman tou piti nan woutin li konnen yo ka debouche sou santiman kè sote oswa deklanche gwo kòlè, retrè, oswa menm yon gwo abatman. Konpòtman sa yo ka sanble y ap rive san kòz oswa 'pa aza' si rezon pou yo pa konprann rezon ki fè yo montre yo pa fleksib la. Li kritik pou rekonèt ke konpòtman repetitif yo ranpli yon fonksyon enpòtan puisque yo ka ede moun ki genyen otis la rete kalm oswa vin pi veyatif. Yo wè yon ogmantasyon nan konpòtman sa a souvan lè endividi a gen kè sote, eksite, oswa anwiye. Enterè fiks, konpòtman repetitif, ak ensistans sou resanblans konekte youn ak lòt. Pa egzanp, yon timoun ki gen estrès akòz yon chanjman woutin gendwa sèvi ak konpòtman repetitif pou kalme tèt li. Yo varye anpil selon konpòtman yo, kantite fwa yo fèt, entansite yo, ak nan ki pwèn yo rijid. Yo tounen yon pwoblèm lè yo entèfere ak kapasite endividi a pou angaje li sou plan sosyal, patisipe nan aktivite chak jou, epi debwouye li ak mond lan ki kontinye ap chanje. Yo kontribye tou nan fòs yon moun ki genyen otis. Yon enterè entans ka debouche nan antouzyas pou yon sijè patikilye epi kapasite pou konsantre sou yo. Yo ka gade ensistans sou resanblans tankou yon kapasite pou fini aktivite familye yo. Konpòtman repetitif se tantatif pozitif pou yon moun kalme oswa bay tèt li enèji epi yon konsantrasyon sou divès pati se yon endikasyon prekòs konsènan kapasite pou wè detay. Bay konpòtman difisil sa yo fòm pozitif kòmanse ak yon konpreyansyon fonksyon konpòtman an ak enpak li sou ni endividi ki gen otis la ni patnè kominikasyon an. Konprann poukisa konpòtman sa yo se yon premye etap esansyèl nan devlopman estrateji entèvansyon ki apwopriye epi ki efikas.

Si w enterese aprann plis sou Konpòtman Repetitif Limite gade Prezantasyon tou Kout ki twouve li nan “**Ideas**” (Lide).

Dyapozitif 12. Kisa w te aprann sou dyagnostik karakteristik otis yo?

Kounyea ann veriye konesans ou sou dyagnostik esansyèl karakteristik twoub espektwòm otis nan fason yo asosye ak domèn dyagnostik yo. Klike epi rale chak karakteristik nan youn nan domèn yo.

Andikap nan Kominikasyon Sosyal ak Entè-aksyon Sosyal

- Mank nan respwosite sosyal-emosyonèl
- Mank nan konpòtman kominikasyon non-vèbal ki sèvi nan entè-aksyon sosyal
- Mank nan devlopman, antretyen, ak konpreyansyon relasyon

Konpòtman Repetitif, Enterè, oswa Aktivite Limite

- Mouvman motè estereyotipe oswa repetitif nan itilizasyon objè oswa diskou
- Ensistans sou resanblans, angajman nan woutin san fleksiblite, oswa chema konpòtman vèbal oswa non-vèbal ki fèt ak rityèl
- Enterè anòmal fikis nan entansite oswa konsantrasyon ki limite anpil
- Ipè-oswa ipo-reyaktivite ak done sansoryèl oswa enterè sansoryèl inabityèl

Re-enprime ak pèmasyon Dyagnostik ak Estatistik Manyèl Twoub Mantal, Senkyèm Edisyon, (Diagnostic and Statistical Manual of Mental Disorders, Fifth Edition, (Copyright © 2013). American Psychiatric Association (Asosyasyon Sikyatrik Ameriken)

Poukisa deteksyon prekòs ak entèvansyon prekòs esansyèl?

Dyapozitif 13. Videyo: Nan ki fason devlopman kay yon timoun nòmal diferan an konparezon ak yon timoun ki genyen otis?

Alèt wouj pou otis- Nicholas, 16 mwa

Timoun ki gen otis gen anpil andikap nan entè-aksyon sosyal ak kominikasyon. Se sa, an konbinezon ak prezans konpòtman repete oswa enterè inabityèl Ki ta dwe bay enkyetid kay yon obsèvatè ki fòme.

Devlopman nòmal- Jimmy, 15 mwa

Panse ak kòman timoun k ap devlope nòmalman montre natirèlman yon gwo enterè pou entè-aksyon, kominikasyon, epi pataje ide yo ak lòt epi fasilman detounen atansyon yo ant moun ak objè.

Timoun: *Daaa!*

Manman: *Ou vle m soufle tiboul?*

Klinisyen: *(deyò ekran an) Wi! Eske m ka pran goblè a? Kote goblè a?*

Timoun k ap devlope nòmalman tandè pawòl ak anpil enterè epi eseye konprann sa yo vle di apati de jès ak lòt siyal sosyal, avan menm yo konprann siyifikasyon pawòl yo.

Timoun: *(babye)*

Klinisyen: *Bibwon! Mèsi!*

Alèt wouj pou otis- Nicholas, 16 mwa

Timoun ki gen otis gen yon mank prensipal nan atasyon sosyal. Manp prensipal sa a afekte aprantisaj epi li gen li gen repèkasyon sou devlopman sèvo a.

Klinisyen: *Ouvri yo! (mimire)...ti boul. Ou vle plis ti boul?*

Otis entèfere ak kapasite timoun nan pou tandè pawòl, pou wè jès, gade figi, epi bay atansyon ak sa ki enpòtan nan anviwònman aprantisaj la. Otis afekte kapasite pou aprann nan men moun.

Klinisyen: *Kote bibwon an? Nou pral di kèk nan bagay sa yo babay! Babay goblè!*

Devlopman nòmal- Jimmy, 15 mwa

Nan devlopman nòmal, timoun genyen opòtinite ann abondans pou aprann apati de entè-aksyon ak lòt moun.

Klinisyen: *Oo Gwo Zwazo! Li renmen sa! Sa Gou! Plis? Nonm, nonm, nonm, nonm, nonm.*

Alèt wouj pou otis- Nicholas, 16 mwa

Timoun ki genyen otis montre plis enterè pou objè ke entè-aksyon ak moun, epi yo ka menm wè plis detay pase yon timoun nòmal. Sepandan, se poutèt sa yo genyen mwens chans nan opòtinite aprantisaj esansyèl pandan yon moman esansyèl nan devlopman yo.

Konsekans devlopman sa yo akimile epi ka mennen ak mank jeneralize ansanm ak konpòtman ki difisil anpil, si yo pa dekouvri yo bonè.

Dyapozitif 14. Ki enpak otis genyen sou devlopman ak aprantisaj?

Yon pivo entèvansyon prekòs ap ede fanmi timoun ak jèn timoun sipòte anviwònman aprantisaj timoun yo ak devlopman li nan anviwònman natirèl la. Nan ka sa a, li enpòtan pou konsidere enpak otis sou devlopman ak aprantisaj.

Mank prensipal yo ka gen yon enpak negatif sou devlopman kote l ap entèfere ak atasyon sosyal ak enfòmasyon enpòtan epi aprantisaj ki ka mennen sou yon reta konyitiv ak andikap entèlektyèl. Mank prensipal otis yo ka genyen tou enpak pozitif sou fòs yo kote l ap amelyore kapasite ki reflète enterè ki twò fikse oswa limite. Pa egzanp, gwo enterè nan fòm ak lèt ka debouche nan mo vokabilè inabityèl oswa kapasite lekti prekòs.

Aprann nan aktivite chak jou ak woutin yo gendwa lakoz yon kantite difikilte pou yon jèn timoun ki genyen ASD. Pa egzanp, yon enterè entans pou tren ka limite opòtinite pou jwe ak lòt jwèt. Alòske pifò jèn timoun aprann san ansèyman entansyonèl oswa san paran yo fè pa aranjman pou opòtinite aprantisaj, jèn timoun ki genyen otis yo pa kapab. Yo gendwa pa prete atasyon ak moun oswa chèche atasyon lòt entè-aksyon sosyal.

Yon jèn timoun ki gen ASD genyen gwo repons oswa konpòtman difisil ki ka afekte aprantisaj la. Ka gen yon gwo dekourajman si yo vyole yon woutin espesifik, sa ki ka rann li difisil pou soti nan kay la alè nan maten paske yon paran gen dispozisyon swiv woutin timoun nan epi evite dekourajman an. Sa ka rann timoun nan pran kontwòl la epi limite opòtinite pou aprantisaj. Oswa yon jèn timoun ki gen ASD gendwa refize manje pifò manje, donk sa ki ka fè lè manje a akablan. Yon jèn timoun ka kouri epi pa reponn lè paran rele li, donk sa ki rann soti ak timoun sa a vrèman difisil.

Kle a se dekouvri otis bonè epi fè entèvansyon ki vize rezilta ki siyifikatif pou fanmi yo— pou amelyore kapasite kominikasyon sosyal, pou ede rann aktivite yo previzib, epi kreye opòtinite pou sipòte aprantisaj nan aktivite chak jou ansanm ak woutin yo.

Dyapozitif 15. Videyo: Poukisa deteksyon bonè enpòtan?

La a ou ka wè Brian nan 4 moman diferan soti nan laj 14 pou rive 26 mwa pou montre devlopman otis epi kòman karakteristik yo ka vin pi mal ak laj. Prete bon jan atasyon ak kòman sentòm otis Brian yo fè enpak sou kapasite li pou prete atasyon epi aprann nan men moun. Se enpak segondè sentòm otis sou aprantisaj ak devlopman sa a, kidonk si yo dekouvri li bonè, yo ka anpeche li.

Siy Prekòs Otis — Brian: 14 mwa

Tou dabò ou pral wè Brian lè li gen 14 mwa pandan CSBS la.

Klinisyen: *(ak manman) Gade jan rega a vire. O, o!*

Brian gade klinisyen an epi manman li epi pataje bèl souri ak yo pandan l ap gade jwèt yo. Obsève fason li chanje yon fwa li gen kontwòl objè a.

Klinisyen: *Ou tèlman brav, ou tèlman brav!*

Atasyon li fikse nan jwèt la, li pa reponn pawòl klinisyen an...

Klinisyen: *Brian, ou vle plis?*

...oswa jès li pou ofri èd.

Klinisyen: *Li prale. Mwen dwe ede. (ri) O, o! O, o! Gade, gade! Mwen pral chache l kont.
Men ni. O!*

Li gade pou wè si tout bagay anfòm ak manman li epi li menm kowòdone yon rega ak yon son bay klinisyen an.

Brian: *(Babye) ba-da-ye!*

Klinisyen: *Papi w fè li tou? Mwen kontan.*

Menm lè li gen bèl konpetans sosyal, li anreta anpil pou laj li nan komunikasyon nan CSBS la. Pandan nou gendwa pa sispèk otis la nan laj sa a, nou ta dwe enkyete nou pou itilizasyon limite son ak jès Brian ak pousantaj ba komunikasyon li. Men sa ki bay plis enkyetid toujou, se moman lè objè pran tout atansyon li epi entèfere ak entè-aksyon sosyal epi gendwa limite opòtinite pou aprantisaj.

Klinisyen: *Plis? Ok, m ap ba w plis. Sa te trè byen tou.*

Siy Prekòs Otis — Brian: 17 mwa

Kounyea annou gade Brian lè li gen 17 mwa pandan CSBS la. Menm jan ak lè li te genyen 14 mwa li gade anwo epi pataje yon bèl souri.

Papa: (andeyò ekran an) Se sa w fè!

Klinisyen: Èske w danse? L ap danse! Gade sa a! Gade, papi ap danse.

Manman: Papi ap danse. O, li eksite ak jwèt li a.

Klinisyen: Gade sa ki rive lè li leve l anlè. Waw!

Manman: Gade sa bebe!

Klinisyen: L ap jongle!

Men yon fwa jwèt la atire atansyon li, Brian rete konsantre nèt sou pye pengwen yo pandan y ap bouje, epi li pa reponn ak pawòl oswa jès manman li oswa klinisyen an.

Manman: Kisa ki te pase? Li pa ale ankò!

Klinisyen: Gendwa gen twòp bwi, sitou lè kamyon ponpye a ap pase. Souke, souke, souke, souke! Brian. Brian! Ou vle plis? Ou bezwen èd? Ou bezwen yon ti èd?

W ap tande papa l k ap di, “depi li antre nan yon bagay, li ladann nèt”, sa ki vle di ke atansyon li genyen ki fò anpil la se yon bagay paran li obsève lakay, nan laj li.

Manman: Ou vle fè li ankò?

Papa: (andeyò ekran an) Depi li antre nan yon bagay, li ladann nèt.

Manman ak Papa: Pete!

Papa: (andeyò ekran an) Ti boul!

Manman ak Klinisyen: Pete!

Manman: Kèk ti boul djanm

Klinisyen: Pete! Ti boul yo...Yo andedan la a, zanmi. Yo andedan la a. Ti boul.

A 17 mwa li ta dwe klè Brian gen reta nan komikikasyon ak langaj, kidonk li bezwen entèvansyon prekòs. Anplis, atansyon entans li an ak mank repons ak vwa epi jès granmoun yo ta dwe fè moun sispèk li genyen ASD. Alòske yon dyagnostik ASD gendwa poko fèt, siy prekòs otis fè nesite pou yon entèvansyon prekòs vin pi ijan.

Dyagnostik Karakteristik Klè—Brian: 20 mwa

La a Brian gen 20 mwa pandan CSBS la. Fason Brian fache ak jwèt manipilasyon an parèt vizib, epi li vire gade Papa li pou li rekonfòte li men li pa gade figi papa li.

Klinisyen: Ou gendwa eseye fè tout efò w kapab pou fè kè li kontan.

Papa: Ey, gade pinèz sa a. Èske w pa kontan akoz pinèz la?

Li pa sèvi ak rega oswa lòt fason pou kominike li pa vle jwèt la, de preferans, li kriye epi li kouvri je li sa ki fè sa pa parèt klè kisa k ap deranje li.

Klinisyen: Sa bay tantasyon, pa vre? Mmmmm...

Papa: Sa a se yon bon fason pou fè sa.

Klinisyen: Mmmmm...

Mank pawòl li, sa ki ta dwe devlope rapidman nan laj li, vin parèt pi evidan epi li afekte nan fason konsiderab kapasite li pou kominike nan fason efikas.

Klinisyen: Moulèn, moulèn. Ouvri?

Brian pase yon bon moman ap enspekte bokal la ak rega li, vire li, niche li, souke li. Sa mande bon jan sipò nan men klinisen an pou Brian lage bokal la epi pèmèt li ouvri li.

Klinisyen: O, bon travay! Ouvri! Men ni! Cheerios. Yey! O, pran yo, pran yo, pran yo, pran yo, pran yo, pop! Pran yo, pran yo, pran yo, pran yo, pop!

Pou yon obsèvatè ki gen eksperyans, alèt wouj otis yo klè apati de 20 mwa. Ekspresyon emosyon Brian plat anpil, menm lè li sanble enterese. Chanjman li ofiramezi tan ap pase tadwe lakoz enkyetid. Mank kominikasyon sosyal li te vin pi mal, an konbinezon ak konpòtman inabityèl ki pi vizib: mouvman repetitif, atansyon entans sou objè, ak eksplorasyon sansoryèl inabityèl. Nou espere Navigatè Otis ap devlope kapasite obsèvasyon otis ou pandan l ap pote pou ou anpil egzanp nan videyo siy prekòs otis. Ke w se yon paran, yon pwofesyonèl oswa yon moun ki enterese aprann plis, lè w ka gade ak kisa otis sanble, avan yo dyagnostike li anjeneral, sa ap ede w wè karakteristik sibtil otis yo. Sa ap ede yon kominote devlope kapasite pou detekte otis pi bonè.

Klinisyen: Ouvri!

Dyagnostik Karakteristik Klè—Brian: 26 mwa

Kounyea ou ka gade Brian pandan ADOS la a 26 mwa. Nan kontèks ADOS la, karakteristik otis yo byen klè.

Klinisyen: Mwen ka ede w. Ou vle mwen vire li?

Brian vin konsantre anpil sou yon jwèt ki fè mizik. Li pa detounen atansyon li sou jwèt la, menm lè klinisyen an eseye kèk fason diferan pou atire atansyon li.

Klinisyen: Men ni! O, OK m ap bouje men mwen. Ou konprann. Mwen gen plis. Ou vle plis? Ki kote w prale?

Videyo klip sa a ilistre plizyè karakteristik dyagnostik ASD. Brian reponn raman ak òf pou entè-aksyon, epi li pa pataje enterè li yo. Li montre tou yon mank konsiderab nan itilizasyon rega, jès ak son pou kominike. Li montre yon chema konpòtman ki fèt ak rityèl lè l ap mache an sèk sou pwent zòtèy li, akonpanye ak jès inabityèl dwèt ak ponyèt li. A 26 mwa, Brian parèt reponn byen klè ak kritè dyagnostik Twoub Espèktwòm Otis yo. Yon bò, se pi bonè pase lè yo dyagnostike timoun anjeneral, sa ki montre pwomès pou yo ka detekte otis bonè konsa. Yon lòt bò, siy prekòs otis yo te la ak yon laj ki te pi jèn toujou, sa ki montre potansyèl pou detekte otis avan li gen yon gwo enpak konsa sou aprantisaj ak devlopman.

Dyapozitif 16. Videyo: Ki potansyèl entèvasyon prekòs?

Manda federal pou entèvasyon prekòs pa ranpli. 80% timoun ki gen otis ak lòt andikap devlopman pa idantifye atan pou benefisye sèvis entèvasyon prekòs yo. Ak dyagnostik prekòs epi entèvasyon prekòs efikas, pifò timoun ak otis ka aprann pale. Pifò ka fè pwogrè pou antre nan Kindègadenn nòmal. Sa ka redui depans pou edike yon timoun ki gen otis ak plis pase \$10,000 pa ane. Annou gade uit timoun ki gen otis avèk letan—yo te dyagnostike tou nan laj pi piti pase 24 mwa, donk ou ka wè enpak entèvasyon prekòs la sou devlopman ak aprantisaj yo. Yo te anrejistre videyo klip sa yo lè fanmi yo te nan ESI, Pwojè Entè-aksyon Sosyal Prekòs (Early Social Interaction Project), ki se yon

etid tretman prekòs sou kòman paran jèn timoun ki gen ASD aprann itilize sipò ak estrateji pou angaje pitit yo nan aktivite chak jou yo.

Lektè videyo sa a gen videyo klip yo mete ansanm. Agoch, ou ka wè siy prekòs otis nan chak timoun avan entèkansyon an. Adwat ou ka wè kòman chak timoun ak paran yo te chanje pandan entèkansyon an. Jwenn nimewo 1, ak 8 anba lektè videyo a. Klike sou yon nimewo pou monte pè videyo pou chak timoun.

Ou pral gade evènman reyèl lavi ofiramezi ke paran yo ap aprann epi pratike ak pitit yo. Tanpri eskize nou si pa okazyon videyo a ap monte desann oswa nwa. Nou vle remèsye paran sa yo pou jenewozite ekstrawòdinè yo nan ba nou pèmasyon pou pataje moman pèsònèl sa yo yon fason pou w aprann apati de eksperyans yo.

Pou de premye timoun yo, Brandon ak LB, w ap tandè kòmantè an detay pou dekri siy prekòs yo ak estrateji entèkansyon paran yo itilize pou sipòte aprantisaj ak devlopman yo. Pou lòt 6 timoun yo, nou envite w pratike obsèvasyon siy prekòs yo toudabò poukont ou. Nan fen chak videyo agoch n ap egzamine karakteristik ki pi evidan yo avèk ou. Pou chak videyo adwat, n ap rezime tou kout chanjman ni ka paran ni timoun nan avèk letan.

Gade nan Zouti pou materyèl enprime pou aprann plis sou estrateji pou paran yo pou sipòte devlopman ak aprantisaj pitit yo.

[Siy Prekòs Otis—Brandon a 20 mwa](#)

A 23 mwa Brandon te montre karakteristik otis ki byen klè epi te jwenn referans pou entèkansyon prekòs. Ou pral wè mank opòtinite aprantisaj Brandon yo, malgre efò manman li te fè pou ankouraje kominikasyon.

Manman: *Wo, Fè atansyon! – Ouvri? Ouvri?*

Manman li te ankouraje li pou mande, dapre sa yon entèkansyonis te sigjere— men paske li atann plis pase sa li ka “bay”, li te pèdi enterè byen vit.

La a Brandon genyen 26 mwa— L ap pran yon ti goute ansanm ak frè marasa li k ap devlope nòmalmman.

Manman: *Kisa w vle? Pwason wouj?*

Difikilte Brandon pou li kominike mennen kounyea ak anpil fristrasyon. Li sanble evidan ke manman li sousye epi ap eseye fè tout posib li pou satisfè bezwen li yo, men Brandon pa ka ekspri sa li anvi ak sa li bezwen klè. Yon chwa goute pa sifi pou ede Brandon rete kalm. Paske fanmi sa a poko kòmansè resevwa entèkansyon espesyalize pou adrese mank prensipal otis yo, manman li rete ak santiman konfizyon epi echèk.

[Chanjman avèk Entèkansyon—Brandon at 2-3 ane yo](#)

A 30 mwa, manman Brandon te kòmansè ESI, ki te bay 3 seyans entèkansyon pa semèn nan kay la ki prepare pou bezwen espesyal li yo ki gen rapò ak otis. Nou pral wè modèl antrenman ESI a ann aksyon.

Entèkansyonis: *Ou kwè sa? Sa a, oswa sa a?*

Antrenè a gide manman an pou ofri chwa, men pèmèt li rete nan yon wòl aktif, epi bay fidbak espesifik sou ki pwen sipò li a ap byen fonksyone.

Entèkansyonis: *Mwen kontan w te konfime chwa li a- “O, se sa w vle!”- Sa a se yon bon bagay lè w fè sa, paske, espesyalman si sa pa vrèman klè...*

Manman Brandon ap aprann kòmman pou li ofri chwa epi konfime sa li vle vre. L ap pwofite o maksimòm de chak opòtinite aprantisaj.

Manman: *Ou vle ji?*

Li rete tann lè li bezwen èd, rete tann pou li sèvi ak kominikasyon klè, dirèk ak yon mo, siy ak yon rega,

Manman: *Ouvri! --answit bay egzanzp "plis ji" pou konfime demann li an epi ba li jwe wòl pou li ouvri ji a.*

Entèvansyonis: *Mwen konnen, jis kontinye repete mo ouvri a.*

Manman: *Ouvri! Ouvri! – Mwen konprann!*

Entèvansyonis: *Debouche!*

Manman: *Debouche! - Vire, vire, vire! Bwè!*

Entèvansyonis: *Tout wòl sa yo n ap bali, tout pawòl sa yo w ap di, y ap konstwi yon woutin, y ap ede li - "O, se sa nou fè, o se 'debouche', se sa mwen vle, se pa 'plis' men 'debouche'. Mwen gentan konprann sa a".*

Manman: *Anwo, anwo, anwo! Anba, anba, anba!*

Obsève jan menm netwaye apre goute bay opòtinite aprantisaj anplis kote l ap ba li enstriksyon ki senp li ka swiv ak sipò.

Manman: *Tann, pa fatra a! Nan evye a!*

Entèvansyonis: *Vwala, byen! Li gendwa ka rive fè menm bagay la ak gode yo.*

Manman: *Gode – ale nan evye!*

La a, manman Brandon ap montre ki kantite bagay li aprann pandan sèlman yon mwa. Kounyea li reyisi sipòte Brandon pou li kòmanse san antrenè a pa la. Li kwonometre tan atant yo ak prekosyon epi ekilibre lè se tou pa chak moun.

Manman: *Lave arenyen an! Men solèy la soti, li seche tout lapli, epi –*

Brandon: *Konsa, konsa! Konsa, konsa!*

Manman: *Arenyen konsa, konsa a retounen nan pwent lan ankò!*

Chante motivasyon, previzib sa a ofri mo familye ak aksyon ke Brandon ka pratike. Obsève rekonpans ki genyen pou manman- l ap gade li, l ap souri, l ap pataje rejwisans li.

Manman: *Li seche tout – lapli a. Epi –*

Brandon: *Konsa, konsa, konsa, konsa!*

Manman: *Ji pòm. Zoranj oswa pòm?*

Brandon: *Pòm!*

Manman: *Ji pòm.*

Entèvansyonis: *Sa bè!*

Aprè 2 mwa ESI, manman Brandon ofri non sèlman chwa ki klè, li bay egzanzp ak ni pawòl ni aksyon,

Manman: *Ou bezwen èd? Ouvri!*

Li tann pou pi bon kominikasyon epi ba li wòl pwodikatif.

Manman: *Eske w ka retire bouchon an? Mès!*

Entèvansyonis: *Debouche.*

Manman: *Epi kounyea n ap vide! Kounyea n ap vide sèlman yon tikras.*

Puiske kounyea manman l reyisi dirije aktivite sa a avèk yon ti asistans tou pitit, antrenè a obsève epi ba li fidbak pou sipòte endepandans li.

Manman: *Mès! O, o! Manmi fè li.*

Entèvansyonis: *Kounyea ou gen yon lòt gode!*

Manman: *Chita sou tapi a! Bwing! Oke, kiyès ki vle-men w fè li. Ouvri tanbou.*

Brandon: *Ouvri tanbou!*

Manman: *Ouvri tanbou. Mès.*

Aprè 5 mwa ESI, manman Brandon ka kenbe pi bon kominikasyon toujou nan kontèks yon aktivite motivan, epi bay wòl ki klè pou ni Brandon ak frè l la.

Frè: *Kanpe!*

Manman: *Kanpe?*

Brandon: *En, De, Twa, Kat!*

San pwoblèm l ap ofri imaj pou li bay Brandon yon mwayen pou li chwazi lòt chante a.

Manman: *Tann! Mwen bezwen yon chante. Kiyès? Chwazi yon chante pou m chante. Jwe l.*

Kiyès? - Konsa, konsa, Etensèl, Etensèl? - Vire, Vire, Etensèl, Etensèl, kiyès?

Brandon: *Etensè!*

Manman: *Vwala!*

Manman Brandon vin tounen yon mèt nan ankouraje li pou li vin bay meyè de limenm epi ofri li jis ase sipò pou li ka reyisi.

Manman: *Sentiye, sentiye ti etwal. Kòman mwen mande kiyès ou ye –*

Lè li detounen atansyon li sou yon liv, gade kijan manman li konfime “li fini” ak mizik epi onore enterè li pou liv la...

Manman: *Tan, tann, tann! Si nou fini mete bagèt yo – bagèt yo nan tanbou a.*

...men toujou fè li ranmanse enstriman yo epi ale mete yo nan plas yo.

Manman: *Mèsi. Bouche. O, tann! Vwala, bouche!*

Aprè 7 mwa ESI, manman Brandon fèk etabli yon ajanda li pataje kote li fè li chwazi yon aktivite.

Manman: *Èske w vle jwe ak motosiklèt ou a? Oke, annale, puiske w gen motosiklèt ou a, ou vle jwe ak motosiklèt ou a oswa w vle li liv la?*

Brandon: *Li liv!*

Manman: *Li liv.*

Kounyea puiske li mande lekti, ou pral wè manman li ofri li chwa ki liv epi antrenè a esplike papa li enpòtans chwa a.

Entèkansyonis: *Kèk fwa li pa menm sanble tankou li – li pa enplike jis ba li yon chwa epi l ap chwazi yon bagay, ou konnen, epi anjeneral se toujou yon bagay li vle fè.*

Manman: *Epa liv sa a? Kiyès? Kalen lous, oswa tèt o pye? – Kalen lous, oswa tèt o pye?*

Brandon: *Tèt o pye!*

Manman: *Tèt o pye, Oke, tèt o pye.*

Gade ki entansite pratik Brandon ap fè paske li eksprime epi klarifye mesaj li a, pandan l ap swiv enstriksyon yo.

Manman: *Mwen se –*

Frè: *Jiraf!*

Manman: *Ian di Jiraf, kisa mwen ye? Mwen se –*

Brandon: *Kou!*

Manman: *Kisa mwen ye?*

Brandon: *Kou!*

Manman: *Kisa mwen ye?*

Brandon: *Kou!*

Manman: *Sa a se kou li, li gen yon kou long, men ki bèt sa a?*

Brandon: *Kou!*

Manman: *(ri) mwen se yon jiraf. Oo! Epi mwen pliye kou mwen! Padon. Wi. Èske w ka fè li?*

Entèkansyonis: *Ou vle fè liv la avèk li Tyson?*

Manman: *Di “mwen ka fè li!” Ou di –*

Frè: *Mwen kapab fè sa!*

Manman: *Ou di –*

Brandon: *Mwen kapab fè sa!*

Entèkansyonis ansanm ak Manman: *Mwen kapab fè sa!*

Entèkansyonis: *Brandon ap di pati pa l la tou.*

Manman: *O, trè byen!*

Manman: *Tann, jis tann, ou fini?*

Brandon: *Ouvri li!*

Manman: *Mèsi anpil. Ok, kounyea fòk nou netwaye.*

Aprè 9 mwa ESI, manman Brandon demontre metrize li nan ekilib ak atant li ak jis ase sipò. Pandan l ap respekte fason li se yon timoun aktif ki renmen vire, li byen pwofite chak opòtinite aprantisaj siyifikatif.

Manman: *Brandon! Ou fini nèt? – Depoze plat ou a nan evye a. – Nan evye a. Èske w ka pran bòl pa manman an? Tan, tann, tann – Eske w ka pran bòl la, epi mete li nan evye a? – ak asyèt la?*

Brandon: *Epi asyèt la!*

Manman: *Frijidè.*

Brandon: *Frijidè!*

Nou espere videyo klip sa yo demontre gwo potansyèl entèkansyon prekòs ak antrènman paran pou sipòte pitit yo nan aprantisaj nan aktivite chak jou, epi ki aksesib pou nenpòt kominote, si nou ka bare otis la bonè.

Manman: *Brandon! Ou vle – Kiyès? Sa a, oswa sa a?*

Brandon: *Sa a!*

Manman: *Sa a, Oke. Èske w ka ouvri pòt la? – Mèsi.*

Siy Prekòs Otis—LB a 20 mwa

Manman: *Èske w te mete l deyò? Èske w te mete l deyò?*

Kounyea puiske w t ap aprann sou karakteristik otis yo, gade LB ki genyen 20 mwa, epi gade si w ka wè nenpòt siy otis.

Manman: *Kiyè a anba la a? Tout ale! Tout kiyè yo ale! O Bondye, kisa w genyen kounyea? Yon batez? Batez! Batez! Annale, di batez! Batez! Batez!*

LB pa t pale oswa eseye kominike. Li pa t gade oswa reponn manman l. Ou gendwa te obsève jan manman li t ap eseye fè gwo efò pou angaje li, men li pa t sanble te okipe li.

Manman: *Kiyè a tonbe? Kiyè a anba la a?*

Li vin konsantre ak anpil entansite sou batez la. Manman li te konsyan mank repons li, epi menm lè li te avanse pi pre li epi li pale sou sa ki enterese li nan batez la. Men li pa t reyalize jan konbinezon mank resiprosite sosyal ak konpòtman limite asosye ak otis.

Manman: *Machin! Machin! Chwèt. Ou, ou! Ou, ou! Ou, ou! Sa a se yon chwèt! Chat, myaw! Chen, wou! Èske sa se Jo Jo?*

LB genyen 21 mwa kounyea. Depi dènye videyo klip la, manman li te mennen li nan yon evalyasyon epi yo te konfime yon dyagnostik espektwòm twoub otis.

Manman: *Jwenn youn. Chwazi youn. Balon! Bwat! Bwat! bwat!*

Videyo klip sa a fèt jis avan LB ak manman li te kòmanse entèkansyon an ak Pwojè ESI a. Obsève efò manman li pou atire enterè li pou kat eklè, men LB rete konsantre sou kamyon an.

Chanjman avèk Entèkansyon—LB nan laj 2-5 an

Manman: *Kisa l ap fè? Kraze!*

Kounyea gade LB yon mwa apre pandan vizit ESI lakay li. Nan laj sa a li konn kouche souvan pou li ka gade machin sou kote.

Manman: *Ou pral kraze? Kraze! Kaboum! Ou vle sanble yo! – Machin, machin? Machin, machin fè boum? E si w fè l ak twa? Ya! Kraze! Ou vle fè twa? Ede Manmi? Twa! Kat!*

Nou pral wè kòman LB reponn ak estrikti manman li bay la pou “konstwi yon tou” epi ansuit “krazi li”. Pandan l ap mete machin nan nouvo woutin sa a, LB enterese anpil. Li jwe yon wòl aktif nan konstwi ak kraze, epi li menm di yon pawòl.

Manman: *Li di, “anplas, pare, annale!!, ou te tande?”*

Entèkansyonis: *Mwen te tande.*

Manman: *Yey! Bon travay! Bon travay! Wi! Li konprann! Wi*

Entèkansyonis: *Yon fason, an reyalyte, jan sa parèt senp lan, se yon bèl woutin. Gen yon kòmansman klè, mitan ak fen. Pa vrè? Li pare, ou kòmanse sanble, li gen yon wòl l ap jwe, ki se ede w mete yo anlè epi ansuit –*

Manman: *Fòk li kraze yo.*

Entèkansyonis: *Fòk li kraze yo. Yèp--sa a se yon bagay li vle fè.*

Manman: *Ou vle jwe ak lòt ti pyès tchou tchou a? Nou ka di “bay, bay machin, nou pa oblije jwe ak garaj la kounyea.– Ou vrèman vle jwe choo, choo, pa vrè?”*

Aprè 3 mwa ESI, LB kontinye montre enterè entans nan gade machin k ap woule epi souvan kouche pou gade sou kote. Manman l ap aprann fason pou estriktire aktivite yo epi enplike li. Men pandan tan ki pa estriktire san sipò sa yo an plas, LB rete konsantre depase sou kèk objè epi pa bay repons, montre potansyèl enpak negatif otis te ka genyen sou aprantisaj ak devlopman.

Manman li ap aprann kòman pou li swiv enterè li. Li ale avèk li sou tab kafe a kote pozisyon an jis apwopriye pou li gade li. Li kreye yon obstak pou preparasyon tren li an pou kreye bezwen lakay li pou kominike.

Manman: *Kanpe!*

LB: *Ale!*

Manman: *Ale! Se sa! – Tchou, tchou!! Tchouga, tchouga, tchouga, tchouga, tchouga, tchouga, tchouga...*

Manman: *Menm lè ou toujou gen santiman woule tren an se pi gwo motivasyon an, obsève kòman li pi fasil kounyea pou li pou detounen atansyon li sou tren an pou ale sou manman li.*

Manman: *Bon travay! – Epi kanpe! Mès! Ale, ale, ale, ale, ale!*

Estrikti sa a bay opòtinite repete pou li kominike epi pwofite entè-aksyon ak objè ki pi enterese l la.

Antrenè a antre byen epi eseye kèlke estrateji diferan, pou rive konprann kisa k ap nesèsè pou LB jwe ak pèsonaj prefere li a, epi angaje tou nan entè-aksyon sosyal.

Manman: *Ou vle vole? Wouch!*

Se lè antrenè a kòmanse kopye aksyon LB kote yo pataje yon moman siksè pandan l ap pwofite pèsonaj “vole” ansanm nan.

Manman: *Yey!*

Twa mwa apre, LB ak manman li te etann woutin vole a pou mete plis aksyon ak pawòl, epi jwenn anpil opòtinite pou voye je youn sou lòt pandan y ap pataje amizman an.

Manman: *N ap monte?*

LB: *Anwo!*

Manman: *Anwo, anwo, anwo, anwo, anwo!*

LB: *Anwo, anwo, anwo!*

Manman: *Anwo! Yey! Wouch! Wi! – Epi, anba!*

Manman: *Anwo?*

LB: *Anwo, anwo, anwo!*

Manman: *Anwo, anwo, anwo Wi! Wouch!*

Paske manman li te aprann anbrase epi swiv enterè li epi bay estrikti ki nesèsè, LB ap fè anpil pratik nan entè-aksyon. Li vin pi fasil pou li pou vire atansyon li sou li.

Kounyea nou pral wè LB lè li genyen 3 zan nan fen ESI a. Videyo sa a ilistre enpak entèvansyon prekòs la sou ni LB, ni manman li.

Manman: *Oke – Ou vle fann li?*

LB: *Fann li!*

Manman: *Yon tikras pi fò. – Manmi fè l?*

LB: *Manmi fè li.*

Manman: *Fann, fann.*

Manman: *Plis ti ze, LB ap fè li fwa sa a?*

LB: *Ze a –*

Manman: *Wi, ale fann, fann, fann!*

LB: *Ze dinozò.*

Manman: *Sa a se pa yon ze dinozò, sa a se ze yon ti poul. – Aw, ze ti poul. Li sanble ak yon ze dinozò vre! LB, ale fann, fann!*

LB: *Èske ze a ap kache?*

Manman: *Ze a ap kache? Men ni!*

Menm lè langaj li toujou anreta, ou gen enpresyon yo gen yon konvèsasyon, epi LB ap fè efò pa li pou fè sa kontinye epi rete enplike nan aktivite a.

Manman: *Lago kache!*

LB: *Yey!*

Manman: *Wi? Èske w vle jwe?*

LB: *Wi.*

Manman: *Oke, Ou vle al kache oswa –*

LB: *Mwen vle jwe doktè lago kache!*

Manman: *Doktè lago kache, wi nou kapab – wi, mwen pa konnen kòman pou m jwe li.*

LB: *Ou dwe gen yon bagay - vivan, epi – ou dwe konte.*

Manman: *Oke.*

LB: *An, o!*

Manman: *O, o!*

Manman: *Oke, m ap konte tande? Ou vle mwen konte oswa w ap konte?*

LB genyen senkan kounyea epi li nan Kindègadenn nòmal. Dezan apre patisipasyon yo nan ESI, ou wè manman li kontinye sèvi ak sipò pou angaje LB nan entè-aksyon ak jwèt, ak chanjman remakab.

Manman: *Kòman nou jwe jwèt sa a?*

LB: *Se konsa w jwe jwèt sa a? Wouch!*

Manman: *Wouch. Èske w dwe dekole?*

LB: *Ou ale nan dlo a.*

Manman: *O ou ale nan dlo a, lè yo naje, nan dlo a?*

LB: *Epi answit ou soti nan dlo a epi w manje tout!*

Manman: *Nonm, nonm, nonm, nonm! Konsa?*

LB: *Wi*

Manman: *Oke, annou rekòmanse, annou fè l ankò! Tou dabò n ap vole –*

LB: *Ansuit n ap plonje!*

Obsève kòman, LB ak manman li fè yon plan pou fason yo pral jwe jwèt dragon an. Manman l toujou konsyan de sipò li bezwen. Ak anpil konpetans li ajoute estrikti yon fason pou LB ka vini ak pwòp ide pal epi angaje nan entè-aksyon respwòk.

Kounyea gade LB ak manman li k ap jwe jwèt sosyete. Pandan w ap gade, obsève kijan l ap tande, swiv, vini ak ide, epi menm sèvi ak langaj pou negosye ak manman li. LB vin genyen konpetans ki siyifikatif ki esansyèl non sèlman pou reysisit akademik men tou pou konstwi zanmitay epi pou sipòte defi entè-aksyon ak kamarad li.

Dyagnostik prekòs ak entè-aksyon gen konsekans sou tout yon vi pou jèn timoun ki gen otis ak fanmi yo. Navigatè Otis ap mete nan men pwofesyonèl yo ansanm ak plizyè santèn fanmi egzanp videyo siy prekòs otis ak pratik entèvansyon efikas.

LB: *Bokit!*

Manman: *Ou jwenn youn? Oke! Kijan nou ye pou kounyea?*

Teknoloji ban nou mwayen pou nou konekte atravè lemond.

Manman: *Men yon barik! Mwen pa t panse mwen t ap jwenn.*

LB: *Lè a fini!*

Manman: *Lè a fini! Konbyen w te jwenn?*

LB: *Mwen te jwenn youn, de!*

Manman: *Trè byen, bouje nèg ou an de espas.*

Espwa nou se pou nou kapab ogmante wòl fanmi yo epi ba yo sipò, yon fason pou yo ka kòmanse imedyatman yo sispèk gen otis la.

Manman: *En, de!*

LB: *Ey, ou prale sou kote mwen!*

Rèv nou se ede kominote yo mete estigma otis nan tan pase. Sa a se kle pou tout fanmi jwenn aksè ak èd yo bezwen bonè, yon fason pou tout timoun ki gen otis ka atenn potansyèl yo.

Manman: *De.*

LB: *En, de!*

Siy Prekòs Otis—Isaac a 17 mwa

Manman: *L ap chanje ide. Boum.*

Entèvansyonis: *Bloke.*

Manman: *Ki pwoblèm? Annou jwe ak wou yo.*

Manman: *Ey Isaac! Èske se lè jwèt boul solitè, oswa lè jwèt boul manmi? Annou chache konnen. Isaac? – Ey! An, o! – Eske mwen ka mete sa a la a? Ki kote sa a ale? – Eske w ap renmen sa a? – Eske w ap renmen sa a? O, o! Èske mwen ka mete? Ou pare? – Boum! Boum! Mwen konnen, e sa a menm? – Èske w vle jwe?*

Nou sot wè Isaac pandan de aktivite diferan lakay li. Nan premye aktivite a, li gen aksè ak yon jwèt pouse enteresan. Isaac pa t kòmanse kominikasyon oswa pataje enterè. Olye de sa li vire jwèt la tèt anba epi montre aksyon repetitif lè li vire jwèt la epi woule wou yo. Lè Isaac t ap jwe ak boul tenis yo, manman li te site non li men li pa t reponn. Li enpòtan pou note ke nan moman sa a li mande li èske se lè jwèt boul solitè oswa lè jwèt boul ak manmi. Sa montre jan li konsyan ke kèk fwa li prefere jwe poukont li, sa ki ka lakoz enkyetid an konbinezon ak mank jès, son, ak ekspresyon figi. Li eseye atire atansyon li pandan li mate boul la epi woule li. Apre plizyè tantativ, li pran boul la, men li te prefere jwe poukont li kote li mete boul la nan resipyan an epi vide yo atè. Manman li te okouran difikilte pou gade li epi te menm kenbe boul la pre figi li epi sèvi ak anpil òf sosyal. Li te reponn pandan li pran boul la nan men l. Men enterè li nan boul la te entèfre ak entè-aksyon sosyal, sa ki debouche sou yon mank resipwosite sosyal.

Chanjman avèk Entèvansyon—Isaac nan laj 2-3 an

Isaac genyen 18 mwa epi apre kèk semèn ESI, manman li ap pratike kòman pou li kreye yon ajanda pataje, dabò pandan Peekaboo answit Ring-around-the-Rosy.

Manman: *Isaac? Isaac? - Men ni! Men ni!*

Obsève kòman li pozisyonè tèt li atè a nan nivo li, li ofri Isaac yon wòl pwodiktif, epi li repete etap previzib nan chak aktivite. Ekilib li nan tou yo ankouraje Isaac kòmanse mouvman senp, tankou ba li nap la oswa vire kò li pou mande jwèt la.

Manman: *Men ni! Kote Manmi? Men ni!*

Manman: *Isaac vire touwon? Isaac? Non.*

Isaac: *Mm mm mm. Ba ba ba.*

Manman: *Touwon?*

Pandan jwèt sosyal sa yo, manman li te reyisi fè li gade li, ri epi pataje jwa, sèvi ak yon jès, epi repete rekèt yo plis.

Manman: *Pòch plen ak ti boukè. Sann, sann, nou tout tonbe! Rive jiskatè. N ap satiyèt, n ap satiyèt! N ap satiyèt, satiyèt, satiyèt satiyèt satiyèt!*

Obsève jan li reponn ak òf sosyal yo pi byen lè pa genyen ti objè, tankou boul tenis, ki nan aktivite a.

Manman: *Satiyèt, satiyèt, satiyèt satiyèt satiyèt! Satiyèt, satiyèt, satiyèt satiyèt satiyèt! Satiyèt, satiyèt satiyèt.*

Manman: *Manmi anwo? Manmi anwo?*

Isaac: *(Rele)*

Manman: *Anwo!*

Manman: *Ou vle bwè yon bagay?*

Granpapa: *(Vwa andeyò kamera a) Ki kote w prale, Bubba?*

Twa mwa apre, lè Isaac genyen 21 mwa, obsève kòman manman li sèvi ak posti, wòl pwodiktif, ak etap previzib pandan goute.

Manman: *Isaac. Ou vle bwè yon bagay? Vin isit epi pran li. Kisa w vle?*

Granpapa: *Chwazi yon lòt bagay pa genyen sa a...*

Manman: *Eske w vle lèt oswa ji?*

Li bay egzanp mo kle sou sa li wè l ap gade epi fè.

Manman: *Isaac, lèt oswa ji?*

Papa: *(Lèt vwa andeyò kamera a) W ap eseye vòlè lèt ankò? Dènye fwa nou te fè sa li te rale lèt la epi li kouri.*

Manman: *Lèt?*

Isaac: *Ee, li.*

Manman: *Ouvri Lèt. Men ni.*

Isaac: *Ooo.*

Manman: *Kounyea kisa nan pati sa a?*

Isaac: *Ooo (siy "Ouvri")*

Manman: *Ouvri! Mèsi.*

Isaac reponn ak òf sosyal li a, inisye kominikasyon ak son epi jès, epi sèvi ak siy ouvri.

Manman: *Mèsi! - Bwè! (Plenyen andeyò kamera)*

Manman: *- Isaac èske w ka fèmen pòt la tanpri?*

Granpapa: *Bon travay gason m! Trè byen!*

Manman: *Mwen konnen! Li vrèman itil.*

Après li fin benyen, manman li sèvi ak miwa a pandan l ap benyen tèt li pou li bay Isaac yon opòtinite pou pratike imite son.

Manman: *Se fason sa a moun benyen tèt, apre w fin benyen. (Isaac fè bri, manman l imite yo)*

Obsève jan melodi egzajere nan vwa l atire atansyon Isaac epi sipòte aprantisaj li.

Manman: *Aaaaah. Zzzzzick! - (Isaac di) Aaiiii...Ssssaac! Alo! (Isaac ri)*

Manman: *Alo! Yon peny avèk yon –*

Isaac: *Ba*

Manman: *bwose, epi yon bòl ki ranpli ak labouyi, epi yon tibebe dousman mimire chit. Bon travay. O Bondye! Èske w vle ale ak Papi? Annou al chache Papi! Vini.*

Manman: *Nou te ka jwe ak tibebe a, oswa ak blòk, oswa boul? Èske w vle jwe ak boul la? Nou mèt al chache boul la? Non, annou jwe ak boul la. Boul.*

Isaac: *Sss*

Manman: *O, ou pare? An pozisyon.*

Isaac genyen kounyea 22 mwa epi manman li te nan ESI depi 4 mwa. Obsève tout sipò aprantisaj manman li itilize epi fason li pwolonje aktivite a pou kenbe Isaac angaje aktivman pandan pi lontan.

Manman: *Isaac, mwen pare! Epi an pozisyon! Ale, ale, ale, ale, ale! Pran li!*

Isaac: *Ooo*

Manman: *Ou pare?*

Isaac: *Sss*

Manman: *An pozisyon?*

Isaac: *Ey*

Manman: *Ale, ale, ale! Bonk! O, tou pam! Pran li! Pran li. Isaac, pare kò w!*

Isaac: *Sss. Ree.*

Manman: *Ou pare?*

Isaac: *Shhh*

Manman: *An pozisyon.*

Isaac: *Ey, ey, ehh.*

Manman: *A-ale? Ale Manmi! Pran li! Mwen pare! Ale, ale, ale, ale! Pran li!*

Isaac: *Ooo*

Manman: *Pa-re.*

Isaac: *Sss. Eyy.*

Manman: *An-an pozisyon. Rosie, bouje! Oke, ale, ale, ale! Bonk! Isaac gen boul la! Pouse, pouse! O Bondye!*

Isaac: *Eyy.*

Manman: *Ou pare?*

Isaac: *Shhh*

Manman: An pozisyon. Manmi, ale, ale, ale?

Isaac: Eyy. Ooo.

Manman: Ale, ale, ale! Bonk! Boul. Pran li! Bon rebondi.

Isaac: Ouw

Manman: Lous mawon?

Isaac: Iii.

Manman: Li? Oke. Lous mawon?

Isaac kòmanse yon rekèt pou manman l li yon liv. Obsève fason manman li poze nan moman kle yo pou Isaac ka vire paj la epi konplete ak son epi nan liv previzib sa a.

Manman: Ou wè. Mwen wè yon zwazo wouj k ap cache...

Isaac: Liii. Mmm. Liii.

Manman: M-m-mwen!

Sa ankouraje li tou pou li gade epi pataje liv la avèk li.

Manman: Kana. Kana jòn, kana jòn, kisa w... w-wè? Mwen wè yon cheval ble, cheval la ap cache...

Isaac: Liii. Mmm.

Manman: Mm-mwen!

Isaac: Eyy.

Manman: Krapo vèt, krapo vèt, kisa w...

Isaac: Sss.

Manman: Ouuuu-wè?

Manman: Oke, Isaac, nou pral fè twa bagay apre sa w ap ka pran yon poz.

A 25 mwa, Isaac ak manman li fè yon plan ansanm pou sa yo pral fè, kote yo sèvi ak yon tablo antanke sipò vizyèl.

Manman: Mwen panse nou ta dwe fè mizik. Answit kisa? O, answit sèk? Oke. O, sa a di. Sèk. Epi ki dènye a? Nou te ka fè jwèt fòm, oswa bebe, oswa boul, oswa liv. Kisa w panse? Ou vle fè aktivite sou li? Oke.

Sa bay estrikti pou etann aktivite epi ajoute previzibilite ant aktivite yo.

Manman: O, Isaac di, "mwen pral fè jwèt fòm!" Oke, annou fè jwèt fòm an premye. Nou pral fè aktivite sou fòm, answit sèk, answit liv! Ann al cache fòm yo. Ann al cache fòm yo. Men yo. Fòm! Ou jwenn yo! Kote kouvèti a? O, men ni! Mete kouvèti a anplas! Yey, ou jwenn youn!

Manman: Oke, Ou pare?

A 27 mwa, obsève kijan manman Isaac sèvi ak tinèl la pou pwolonje moman kè kontan yo te pataje.

Manman: Èske n ap fè li? Oke.

Isaac: Shhh Ooo.

Manman: Ouvri. En, de, twa! Tinèl! (mezanmi) Alo! (mezanmi!) Alo! (mezanmi!) Alo!
(Mezanmi) Alo! Alo! Alo!

Isaac: (Ri)

Manman: Èske w ap retounen antre nan tinèl la? (mezanmi) Alo!

Nan dènye videyo a, Isaac genyen 31 mwa. Obsève kòman pandan Old MacDonald, yo te kreye yon woutin pou rele ansanm pou selebre apre chak pasaj Isaac antisipe epi byen pwofite.

Manman: E-I-E-I-O epi nan fèm sa a li te genyen yon...

Isaac: Kaa.

Manman: Yon v- yon vach? Vach. E-I-E-I-O. Ak yon mou, mou isit epi yon mou, mou laba. Isit yon mou, laba yon mou, tout kote yon...

Isaac: Mmm.

Manman: M-mou, mou. Old McDonald te gen yon fèm.

Isaac: Iii.

Manman: E-I...

Isaac: Iii.

Manman: E-I-O. En, de, twa...Aa! (ri)

Isaac: (Ri ak rèl)

Manman: Annou fè l ankò!

Manman: Old McDonald te gen yon fèm, E-I-E-I-O epi nan fèm sa a li te genyen yon... Kisa l te genyen?

Isaac: Iii. Ggg. Iii.

Manman: O, yon cheval? Li te genyen yon cheval. I-A-I-A...

Isaac: Eyy.

Manman:...O. Avèk yon non, yon isit ak yon non, non laba. Non isit ak, non laba tout kote yon...

Isaac: Eyy. Dii Eeh.

Manman: Nn-non, non. Old McDonald te gen yon fèm I-A-I-A...

Isaac: Eyy. Shh lah.

Manman:...O. En, de...

Isaac: A.

Manman: twa... AA! (Ri ak rèl ak Isaac). Trè byen, Isaac, annou fèl yon dènye fwa. Mwen pare. Yon dènye fwa.

Siy Prekòs Otis—Jacobi a 18 mwa

Manman: Èske nou ka byen bwose dan w? – Pran pat dantifris la? – Oke, bwose dan w. – Bwose dan w. Ouvri? Bwose, bwose, bwose, bwose, bwose, bwose, bwose, bwose dan w yo. – Ok, yon fwa ankò. Ouvri? – Trè byen, annou bwose devan. – Rinse bouch ou? Rinse bouch ou. Ann ale wè papi. Di papi ou grangou. – Ale non. W ap vini?

Papa: Bonjour. – Ey zanmi! Alo! Bonjour! – Bonjour! Se kòm si l ap di, “Oke, sa k ap fèt?”

Manman: Ou vle yon ti sereyal? – Ou ta renmen pran yon ti sereyal? Wi? – Mwen pa konnen. – Mete soulye w. – Mete soulye w nan pye w. Nou pral sòti deyò a, ou vle ale deyò a? Mmm? Soulye w la sanble sal parapò ak yè, pa vre? – Oups.

Manman: Mmm? Sereyal? – Sereyal?

Jacobi: De!

Manman: Sereyal?

Jacobi: De, de!

Manman: De? Ou te konte yo? Ou te di de? Konte yo. En...

Jacobi: De.

Manman: De, twa! Nou fè li! Nou fè li! Ou vle fèl ankò? En –

Jacobi: De.

Manman: De, twa!

Jacobi: Yey!

Manman: Yey! Ou se yon kontè. Mmm?

Jacobi: De? Ta.

Manman: En, de, twa! Yey!

Jacobi: Yey!

Manman: Ou fè li. Ou pare pou al verifye kourye a? – Vole. – Mmm?

Manman: Yey! Jacobi, ki kote w prale? Ti mòn sa a fè w ale vit anpil, en?

Lè w te fèk wè manman Jacobi bwose dan li, li pa t kominike ak jès, son oswa pawòl epi li pa t konn gade li oswa eksprime emosyon. Lè papa li salye li pandan y ap mache, Jacobi pa t reponn òf sosyal la epi te menm mache ale. Pandan manman t ap mete soulye li, li bay egzanp kèk mo kle men li pa t reponn oswa kòmanse kominikasyon. An kontras, pandan goute a, Jacobi te sèvi ak anpil son, li te gade manman plizyè fwa, ti souri, epi pataje rejwisans. Men lè w gade pi pre, li p ap montre enterè nan entè-aksyon sof lè li te kòmanse pran cheerios yo epi li di mo “de”. Answit manman vin antre nan woutin konte ki fini ak yon ti selebrasyon tou kout. Enterè nan konte ak konbinezon ak mank entè-aksyon ak lòt aktivite, ta dwe sinyale enkyetid a 18 mwa, epi tankou w pral

wè sa, sa devlope yon gwo enterè inabityèl pou chif. Konte sa a gen yon sansasyon woutin men estrikti a ankouraje entè-aksyon. San estrikti sa a, mank etap nòminal yo te parèt pi evidan. Lè Jacobi ansanm ak manman li te soti deyò, li te montre enterè pou boul la, men answit al pwonmnen. Li pa t atire atansyon li sou bagay oswa pataje enterè li.

Chanjman avèk Entèkansyon—Jacobi nan laj 2-3 an

Jacobi genyen 20 mwa kounyea. Pandan goute, itilizasyon limite li fè ak jès, son, pawòl, rega, ak ekspresyon figi parèt evidan.

Manman: *Ouvri. Fèmen Oke, ou vle eseye fè li? Mmm? Ou pare? Men ni.*

Manman li te nan ESI depi anviwon yon mwa. Answit, obsève kòman li te rive kapab sipòte entè-aksyon sosyal respwòk reyisi pandan yon jwèt peekaboo.

Manman: *Annale fè li.*

Manman: *Mwen te travay di anpil. W ap fè yon bo pou mwen? W ap fè yon bo pou mwen? Non, mwen vle yon bo. W ap fè Pee, pie? Pee-Pie! Pi-aw!-pi... M ap mòde dwèt ou. Pie!*

Jacobi: *(pale)*

Manman: *Pi-kaboum! Èske mwen ka jwenn bo a kounyea? Kote bo m nan? O, ou se yon bon tigason! Li sitèlman janti!*

Manman: *Annal lave men w.*

A 24 mwa, pandan l ap lave men li, manman li bay bon egzanp langaj.

Manman: *Oke, monte sou chèz la. Annou lave men nou yo. Se konsa nou lave men nou, lave men nou, lave men nou –*

Jacobi tandan manman epi swiv enstriksyon senp, men li pa kòmanse kominikasyon.

Manman: *Lave men nou.*

Manman: *Mete li la a.*

A 27 mwa, obsève kòman pandan lave men, yon lòt fwa ankò manman Jacobi bay egzanp mo kle sou sa l ap gade ak sa l ap fè, epi kenbe li motive.

Manman: *Ouvri dlo a. Lave men nou. Men ni. Fwote yo ansanm. Fwote yo ansanm. Fwote, fwote, fwote! Fwote, fwote, fwote! Toutotou.*

Menm lè Jacobi toujou poko ka kominike nan aktivite sa a, w ap wè li sèvi ak langaj epi entè-aksyon sosyal ki kòmanse devlope answit, pandan goute ak pataj liv.

Manman: *Oke, ou vle yon zoranj, oswa ou vle yon prin?*

Jacobi: *Prin.*

Manman: *En? Ou vle yon prin? Kisa w vle prin? Ou te di prin?*

Jacobi: *Prin-silvoupè!*

Manman: *Prin, silvoupè.*

Jacobi: *Prin, silvoupè.*

Manman: *Men prin nan. Kisa sa a ye?*

Jacobi: *Pòm!*

Manman: *Sa a se yon zoranj! Kisa sa a ye?*

Jacobi: *Prin.*

Manman: *Prin.*

Manman: *Te genyen sis. Sis ti gason. Ki t ap jwe bò yon nich myèl. Yon myèl mòde youn pami yo epi te genyen senk. Senk ti gason – Kisa sa yo ye?*

Jacobi: *Pòm!*

Manman: *Pòm? Kisa sa yo ye? Mmm? Fig. Fig. Konbyen fig ki genyen la a? An nou konte.*

Manman & Jacobi ansanm: *En, de, twa, kat, senk, sis, sèt, uit, nèf, dis!*

Manman: *Yey! Dis fig. –Ak yon pye kokoye. Ou manje fig tou. Ou renmen fig. Vire paj la.*

Manman: *Oke, bon annou chita epi gade si nou ka mete sa yo.*

A 29 mwa, Jacobi reponn ak òf sosyal manman li yo ak enstriksyon vèbal. Li sèvi ak ton vwa li pou eksprime emosyon, fè plis son, epi sèvi ak chare kòm yon estrateji pou aprann langaj.

Manman: *Tou pa pye sa a. Sou pye sa a. Pouse pye w antre. Pouse. Pouse. Pouse. Soulye sa yo on ti jan twò di pou ou pou w mete paske w ap grandi. La a. Oke, lase li. Fèmen li. Fèmen li.*

Jacobi: *Fèmen l-li.*

Manman: *Ouvri li.*

Jacobi: *Ouvri li!*

Manman: *Ouvri li. Rale lang nan.*

Jacobi: *Lang!*

Manman: *Mete pye w ladann.*

Jacobi: *Pye-andan!*

Manman: *Pouse fò. Pouse.*

Jacobi: *Pouse.*

Manman: *Men ni. Oke, kounyea lase. Lase yo.*

Jacobi: *Manman mwen vle w vini avè m.*

Manman: *Nou pa genyen savon, donk fòk nou ranpli l ankò.*

A 36 mwa, Jacobi dekouvri jan distribitè savon an dwe ranpli.

Manman: *Nou pral ranpli li –ou vle mwen kenbe li?*

Jacobi: *Wi.*

Manman: *Nou pral ranpli li epi ansuit fini liv nou an, dakò? -Paske w bezwen lave men w.*

Jacobi: *Men mwen?*

Manman: *Plis savon. Mwen kwè m gen yon lòt –tann, tann. Pran gwo bagay savon an vini avèk li la a, mwen poko ouvri li.*

Manman li pran ti evènman òdinè sa yo epi bay sipò pou kreye opòtinite pou inisyasyon espontane, swiv enstriksyon, epi pataje rejwisans.

Manman: *Sa a yon jan lou. Siveye tèt ou. Siveye tèt ou. Siveye –Boul tèt ou. Sa bon pou tèt ou di, pa vre? Oke, ann gade la a. Men ouvri sa a.*

Jacobi: *Ouvri sa a. Ouvri sa a.*

Manman: *Èske w ka ouvri sa a?*

Jacobi: *Wi.*

Manman: *Byen! Oke.*

Jacobi: *Wi (pa klè)*

Manman: *Non, non. Ou pa ka fè sa konsa. Ou dwe rete tann yon minit. Kite li la. Kanpe. Pa manyen li. Mwen pral fè w kenbe sa a la a –*

Manman: *Ou dwe peze li.*

Jacobi: *Wi.*

Manman: *Peze epi peze epi peze, epi asire w ou kenbe li byen. Waw, l ap ranpli byen vit.*

Obsève tout langaj diferan ak menm konsèp syans l ap anseye epi ki kalite elèv Jacobi vin tounen.

Manman: *Ou wè tiboul sa yo k ap monte anwo a? Waw, tiboul yo jis anwo la a. Kòman tiboul sa yo fè monte anwo la a?*

Jacobi: *(pa klè)*

Manman: *Oke, men. Ou vle peze?*

Jacobi: *Wi*

Manman: *Gade, l ap antre. Ou dwe peze li. Peze la a nan mitan. Men ni. Peze li. O, gade! Peze, o, mwen panse nou fèmen li. Men ni. Peze. Kontinye peze*

Jacobi: *Peze, peze, peze, peze,*

Manman: *Byen, l ap peze. L ap sòti deyò.*

Jacobi: *Peze, peze, peze –l ap sòti atè!*

Manman: *Nou prèske rive.*

Jacobi: *La a. Kenbe li.*

Manman: *Peze li nan wotè sa a, li pi fasil pou peze.*

Jacobi: *Kenbe tèt la.*

Manman: *O, ou pral kenbe li?*

Jacobi: *Kenbe li.*

Manman: *Oke –Oke, men kiyès ki pral kenbe li?*

Jacobi: *Non kontinye peze li.*

Manman: *An, ok.*

Manman: *Pare, ranje kò w –*

Jacobi: *Ale!*

Manman: *Sa bon, paske nou dwe mete bagèt la anndan.*

Jacobi: *Li kanpe.*

Manman: *Oke, nou kanpe. Waw, sa a te anpil savon. Gade ti boul sa yo. Gade. Ti boul.*

Manman: *Oke, men èske w ka vire tèt la?*

Jacobi: *Wi*

Manman: *M ap mete l anndan. Men, vire li. Men ni.*

Jacobi: *(pa klè)*

Manman: *O, o, li yon bò.*

Jacobi: *Gade sa a. Gade sa a.*

Manman: *W ap peze li. Ban m wè. Li fèmen donk –O, gade! Ti boul! Ou wè ti boul yo?*

Li toujou sèvi ak kèk chare men li jenere ide kreyatif epi pataje enterè li, ak antouzyas li pou aprantisaj.

Manman: *Waw, mwen wè tiboul!*

Jacobi: *Pran li.*

Manman: *Pop!*

Jacobi: *Tout ale*

Manman: *Gade, men yo la a. Ou wè yo. Waw, ti boul sa yo dire lontan. Annou wè si nou ka fè plis ti boul. Non. Pa gen ti boul ankò. Tout ale.*

Jacobi: *Tout ale.*

Manman: *Sa te amizan.*

Jacobi: *Sa amizan.*

Manman: *Wi.*

Jacobi: *Yo anba la a!*

Manman: *Ki kote?*

Jacobi: *Anba la a!*

Manman: *O, wi. Yo andedan la a. Gen anpil ti boul piti.*

Jacobi: *Yo pa anndan la a. Yo pa anndan la a. Anndan la a! Tout ale.*

Manman: *Mwen wè ti boul anndan la a epi mwen wè ti boul pa anwo likid la. Ti boul. Tib, tib, tib, tib, tib, tib, tib, ti boul. Ou pa kapab konte tout ti boul sa yo.*

Jacobi: *Wi. (Pa klè) Epi m wè yon lòt ankò.*

Manman: *O, men yon lòt ankò. Èske w ka atrap li? Men li la a.*

Siy Prekòs Otis—Will a 18 mwa

Manman: *Ou vle mete kastèt la ansanm? Oke, Will, gade, annou mete kastèt la ansanm. Kote pyès yo prale? Se yon machin. Ki kote machin nan prale? Oo, epi li fè yon son machin. Ki kote anbilans lan prale?*

Will:... *men ni.*

Manman: *Ou vle mete li pou Manmi? Mèsi. Bon travay! Ou gen rezon chwazi li bebe! Oke, remete l nan plas li. Remete l nan plas li. Pa prete ankenn atansyon ak lòtbò a. Gade, cheri. Byen, kounyea nou gen yon tren. Ou vle wè kote tren an prale? Ou vle mete tren an pou manmi? Ou jwenn ni, Oke. Gade elikoptè sa a. Sa a se yon – oo, gade – ou jwenn li byen vit. Sa a tèt anba bebe, vire li. O ou jwenn li, ou jwenn li, Epi se yon motosiklèt. Ou konprann. (Pa klè) Oke, gade se yon anbilans, Eske w ka mete anbilans lan la a silvouplè? Ey, Will, gade. Mete anbilans lan anplas. Mèsi. Epi kounyea bato a.*

Bato. Èske w ka wè yon bato? Ou jwenn li, cheri. Ou vle Manmi fè li? Men ni. Sa a yon ti jan pi difisil. Oke, dènye a! Se yon avyon. Bon travay! Bon travay! Ou vrèman enterese ak kamera a. Oke.

Manman: *Ou vle ale – ou vle fè manje? Ou vle fè manje ak manmi? Fè kèk melanj, ak manje. Bon travay. Ou vle manje yon bagay? Ou vle goute pat la? Nonm nonm nonm. O, sa bon. Melanje bòl la. Ou pral mete tout bagay nan bòl la? Mèsi, mèsi paske w netwaye. Li anpile konsa. Ou wè? Ou panse l ap rantre? Bon travay. Wi, tout bagay anpile. Bon travay. Kounyea remete li nan bòl la. Men ni, remete li nan bòl la.*

Manman: *Vini, annale li yon liv. Will, ou vle vin chita sou Manmi yon fason pou nou li yon liv? Will? Will? Vin chita sou Manmi, annou li yon liv. Se lè pou istwa. Se lè pou istwa, vini cheri. Vini, annou rakonte yon istwa. Ou vle li yon istwa? Vin chita sou Manmi. Bon travay. Byen, se lè istwa. – Epi yon peny, ak yon bwòs, epi yon bòl ki ranpli ak labouyi. Epi yon ti granmoun fi trankil, k ap mimire, vit, vit. – Ou vle eseye yon lòt liv? Ou vrèman distrè. Vwala. Annou fè liv tren an.*

Manman: *Ou vle remete li nan wagon w lan? Ou vle netwaye? Remete li nan wagon w lan. Men, Will, gade. Nou dwe netwaye. Li lè pou nou netwaye. Oo! Alo! Gade will, li lè pou nou netwaye. Mèsi. Mèsi. Non, mwen pa kwè. Mwen pa kwè. O, mwen pa kwè. E, e, e! A, a, a! O, o, o!*

Will: *Sta, sta-- in (rive nan kamera a).*

Ou wè fòs Will ansanm ak enterè li nan jwèt li ka sanble, tankou kastèt ak vè li ka anpile goblè. Kontrèman ak lòt timoun ou te gade e ki ki genyen ASD, Will sèvi ak pawòl sa ki rann li pi fasil pou rate karakteristik otis yo. Mank respwosite sosyal li te evidan ak inisyasyon kominikasyon limite li ki te dirije sou manman li. Will te reponn ak òf sosyal yo pandan kastèt la. Men lè manman li te bay egzanz jwe ak materyèl yo, li te vin parèt pi klè olye ta gen rezon pou enkyetid. Li te pran pòz l ap manje, men sa te sanble etranj pou jan li te kontinye chita ak do li ki apiye sou manman li epi te montre plis enterè nan anpile goblè. Li te gen difikilte ak pataj jwèt fè sanblan an, ki nenpòt timoun ki genyen 18 mwa t ap pare pou fè. Ou ka te petèt obsève tou jan li te gade kamera a plizyè fwa epi te sanble enterese ak kamera a, men li pa t pataje enterè li ak manman li. Enterè limite li a te evidan ak jwèt ki mache ansanm ak objè patikilye, tankou tounvis, pòt kle ki gen fil sou li. Manman li te rapòte a laj li, li te enterese anpil nan fil, kidonk pafwa li souke oswa vire plizyè fwa. Souvan li mare fil yo ak bagay pou atire atansyon li epi etann enterè li. Nan videyo sa a, enterè eksesif li pou objè sa yo entèfere ak entè-aksyon sosyal ak atansyon ak liv la, menm lè manman li te sere kle yo nan yon tantativ pou fè li konsantre sou liv la. Ou te wè alaven ke manman li te jwenn yon mwayen pou kapte enterè li nan yon fil, pou sa li rale li sou li avèk li epi answit satiyèt li pou detounen atansyon li sou objè a.

Chanjman avèk Entèkansyon—Will nan laj 2-3 an

Manman: *Oke bebe, ou vle chita pou w li?*

Will genyen 23 mwa kounyea epi aprè kèk mwa ESI, manman li ap pratike kijan pou genyen yon ajanda pataje.

Manman: *Kisa sa yo te ye Will? Se soulye w yo te ye? Soulye? Ey, Will, gade! Pòm!*

Will: *Pòm.*

Manman: *Machin. Voum, voum!*

Li te rive reveye enterè li epi motive li pou fè li di imaj nan liv la.

Manman: *Oke. Boul.*

Will: *Ble.*

Manman: *Wi, sa a ble.*

Manman: *Pete, pete, pete, pete, pete!*

Yon fwa li deyò, Will motive ak ti boul yo epi li pran plezi pete yo ak men epi pye li.

Manman: *Ou pete yo? Pete, pete, pete! Pete, pete, pete, pete, pete! Ey Will, ou vle pete tiboul yo? Mèsi! Ou pa oblije pete yo ak wòch yo. Will, èske w vle plis ti boul? Will, Will, èske w vle plis ti boul?*

Will: *Pa m.*

Manman: *Ti boul! Ti boul! Ou gen yon baton?*

Sepandan, atansyon li detounen byen fasil soti sou tiboul yo ak fèy ki nan touf yo epi yon baton ki atè a.

Manman: *Ti boul! Ou pral pete ti boul la ak baton an.*

Manman li swiv atansyon konsantrasyon li epi fè kòmantè tandiske l ap gade plizyè objè nan lakou a. Men san ankenn etap previzib oswa chanjman wòl, pa t genyen yon ajanda pataje epi swiv atansyon li pa ta p mennen ak entè-aksyon oswa angajman.

Manman: *Ou bezwen èd?*

Will genyen 28 mwa kounyea epi nan tan lesiv, manman li te aprann kòman pou li kreye yon ajanda ki pataje, pou sa li ba li yon wòl pwodiktif nan aktivite previzib sa a.

Manman: *Will, men. Ou bezwen èd? Will, men. Ou bezwen èd? M ap kenbe goblè w la. M ap kenbe goblè w la. Men.*

Will: *Ouchie.*

Manman: *Ouchie. Mwen kenbe l, Mwen kenbe l. Men Will. Kontinye ede Manmi. Men Will.*

Manman: *Te bave sou lous. Men Will. Men yon ti bagay anplis. Mèsi. Mete l ladann. Bon travay. Oke, fèmen pòt la. Bon travay.*

Will bat men li, ki se yon fason pou eksprime eksitasyon.

Will: *Dat.*

Manman: *Wi, sa a se yon resò.*

Will: *...Bwing, Bwing!*

Manman: *Bwing, bwing.*

Manman: *Èske w vini ak goblè w la? Konbyen goldfish ou vle? Youn? Oswa de?*

Will: *Mwen kenbe goldfish.*

Manman: *Ou vle tout? Kisa w panse?*

A 31 mwa, pandan goute, Will entereze nan resò a men dabò li ka vire atansyon li sou manman li epi fè li konnen jan li vle tout bonbon Goldfish yo.

Manman: *Èske w pral manje goldfish yo?*

Li vin pi entereze nan fè eksperyans, olye li manje yo, pou li wè si yo tout ka antre nan resò a, epi sa entèfere ak entè-aksyon sosyal.

Yon semèn apre entèvansyonis la ede manman Will bay sipò pandan yon jwèt Lago kache.

Entèvansyonis: *Sèt, uit.*

Will: *Ki kote l ale? Ki kote l ale?*

Entèvansyonis: *Ki kote l ale? Rele !!... Manmi kache. O, o! Mwen tande li!*

Will: *Manmi?*

Entèvansyonis: *Èske w al gade nan chanm nan?*

Will: *Manmi?*

Entèvansyonis: *Kote Manmi. L ap chache.*

Will: *Li la a.*

Entèvansyonis: *Li la a. Trè byen. Mwen tande li. Di, "Manmi, ki kote w ye?"*

Will: *Alo –Alo, alo.*

Entèvansyonis: *Li kache. Se sa l fè! Annou rele li pou wè si l ap reponn. Manmi!*

Manman: *Will?*

Entèvansyonis: *An, o. Mwen tande li.*

Manman: *Will?*

Will: *Manmi?*

Manman: *Will?*

Entèvansyonis: *Di, "Manmi, ki kote w ye?" Vini, ann al chache !!*

Will aprann rele moun, li sèvi ak jès, li prete atansyon ak òf sosyal ak enstriksyon vèbal nan jwèt amizan sa a avèk sè li.

Manman: *La a, Will! Will?*

Will: *-la a!*

Entèvansyonis: *Èske se la a li ye!*

Will: *Manmi!*

Entèvansyonis: *An, o. Mmm. Trè byen, trè byen.*

Manman: *Alo! Ou jwenn mwen! Ou jwenn mwen!*

Entèvansyonis: *Trè byen.*

Manman: *Bon travay! Bon travay!*

Manman: *Ou vle li liv sa a, Will? Oke, nan forè chaje ak mistè a –ou vle chita? Lyon se wa, men èske w te mande tèt ou ti bagay sa a? Èske w ka satiyèt lyon? Wi! Ou ka satiyèt lyon! Èske m ka satiyèt Will? Kisa ki vini answit?*

A 32 mwa, manman will te aprann kòman pou li sèvi ak pozisyon, wòl pwodiktif ak etap previzib pandan y ap li yon liv sou satiyèt ki sipòte jwèt youn apre lòt ak sè li a epi pataje rejwisans.

Manman: *Men èske w janm panse mande? Èske w ka satiyèt zèb? Wi, ou ka satiyèt zèb! Nan vant! Ou ka satiyèt yo nan vant ou wè sa! Satiyèt, satiyèt satiyèt satiyèt! Èske w ka satiyèt? Maddie satiyèt? Satiyèt, satiyèt satiyèt! Maddie satiyèt? Satiyèt, satiyèt satiyèt! Satiyèt, satiyèt satiyèt! Vwala, answit.*

Manman: *Ou vle pare asyèt yo? Ou dwe mete yo sou kabare w la? Ou pran yon asyèt pou Will, epi yon asyèt pou Maddie? Oke –Ou vle mete li sou kabare a? Siye sa a. Men, epi men asyèt ou a. Annou al ranje li sou gwo chèz kabare w la.*

Senk mwa apre, Will ak sè li a ede ranje tab la pandan y ap tann pitza a kwit.

Manman: *Maddie, èske w vle mete asyèt ou a anwo? Mete asyèt ou a anwo la a? –Epi answit ou bezwen napkin. Men napkin ou an. O, men ni.*

Entèvansyonis: *Ou pare chèz ou a.*

Manman: *Yèp. Men, Will. Men napkin ou an.*

Entèvansyonis: *Donk nou genyen –donk nou fè yon pakèt aktivite anndan gwo aktivite sa a.*

Manman: *O, fòk nou retire tabliye nou yo. Nou fin fè manje.*

Entèvansyonis: *O, Maddie, tann. Tann yon minit. Retire tabliye w.*

Manman: *Ou vle mare pam nan? Ou vle rale kòdon an?*

Will: *Mwen ranje li!*

Entèvansyonis: *O, byen, yon lòt ti travay la a. Ou retire tabliye Manmi an.*

Manman: *O, Mèsi. Maddie ou vle retire tabliye w la?*

Will montre anpil eksitasyon ak men li k ap bat, men kounyea li rete konekte ak manman li.

Manman: *Annou al gade si pitza a pare. Annou al gade pitza a nan fou a.*

Entèvansyonis: *Vwala, mwen pral pran li.*

Will: *Mwen pral pran li.*

Entèvansyonis: *Men, annou gade.*

Manman: *Ou wè li? Li cho anpil, men annou gade anndan. Mwen panse ke pitza w la prèske pare. Ou panse l pare?*

Will: *Oke.*

Manman: *Li sanble li prèske pare. Mwen panse nan de minit ankò. De minit ankò. Kisa w panse?*

Will: *(Pa klè- pandan li kenbe 5 dwèt)*

Manman: *Ou panse senk minit?*

Manman: *Dabò mete farin ou deyò –*

Nan dènye konpilasyon sa a, w ap wè Will a 40 mwa avèk manman li k ap fè pitza apati de zewo.

Will: *Farin nan twò an dezòd.*

Manman: *Kisa li fè se, nou mete farin nan sou tab la. Konsa farin nan pa kole sou tab la. Ou wè? N ap jis mete yon ti kantite la a, konsa li p ap kole.*

Manman li vin mèt nan kreye wòl pwodiktif pou Will patisipe aktivman nan aktivite chak jou epi sèvi ak langaj pou eksplike etap previzib yo.

Manman: *Men ni.*

Will: *Sa twò an dezòd.*

Manman: *Non, non, non. Pa leve li. Gade sa a. Men sa nou pral fè. Ou sonje – Non, non, non, non. Pa gen pwoblèm. Pa gen pwoblèm. Nou pral sèvi ak sa a. Ou wè? La a. Nou pral woule pat la ladann. Mete farin nan sou pat la. Li kole sou li. Ou wè? Epi answit sonje, ou dwe peze li, epi rale tout ti boul yo deyò. Oke? Pouse tout ti boul yo deyò. Sèvi ak pla men w. Sa a se pla men w. Yèp. Oke, kontinye. Ou konprann. Peze. Peze.*

Will: *M ap ede fè li... Pat. Pat.*

Manman: *Yèp. Ou wè? Ou wè nou pouse tout ti boul yo deyò. Èske w vle woule li ak yon woulo patisri?*

Will: *Wi! Wi!*

Manman: *Yèp, sa a se woulo patisri a. Ou kenbe de pwent yo. Wi, men ni. Ou pouse tout ti boul yo deyò rive jis nan pwent lan. Pete. Ou wè?*

Will: *Manmi?*

Manman: *Wi? Men oliv ou yo. Donk mete yon ti oliv konsa. Sopoudre. –epi degoute yo yon pyès alafwa. Simaye li toutotou. Sa a anpil. Oke.*

Will: *Lapli ap tonbe...*

Manman: *Lapli oliv ap tonbe. Tout pyès yo ozalantou. Ou vle mete djondjon sou li? Annou kraze mòso yo. Gade, gade, kite mwen montre w. Eske w ka kraze mòso yo? Annale.*

Sa tounen yon leson syans pou Will aprann sou pwopriyete chak engredyan soti nan farin gaye a rive nan lapli oliv la ak djondjon an.

Manman: *Kraze yo. Kraze yo tou piti.*

Will: *Lapli ap tonbe –djondjon!*

Manman: *Lapli djondjon ap tonbe. Kounyea nou genyen pepewoni.*

Manman li ap aprann kòman pou fè chak moman konte pou Will pou sipòte aprantisaj li nan aktivite ki fèt chak jou.

Manman: *Avèk sa yo ou dwe depoze yon mòso la a. Depoze yon mòso la a. Men ni.*

Will: *Mwen fè sa yo.*

Manman: *Non, non depoze yo youn alafwa. Ou vle eseye youn?*

Will: *Yèp.*

Ou ka wè gwo pwogrè Will te fè nan kominikasyon sosyal ak konpetans nan langaj.

Manman: *Ou dwe simaye yo toupatou. Sonje, nou dwe kouche yo. Kouche yo.*

Konpilasyon sa a fini kote manman li voye Will al chache Mimi pou vin manje pita avèk yo.

Manman: *Annou al chache Mimi ak Maddie. Kisa w pral di yo?*

Will: *Pita a pare.*

Manman: *Oke.*

Manman: *Waw, ou anfòm?*

Ou ka wè kòman pratik Lago-Kache a prepare Will pou rele Mimi epi anonse manje a pare.

Manman: *Frape pòt la.*

Will: *Men sa m pran pou ou.*

Manman: *O, èske se sa w fè jodia?*

Will: *Wi.*

Manman: *O, waw! Sa yo tèlman bèl.*

Will: *Kè sa yo kontan.*

Manman: *Kè sa yo kontan. Ou vle mwen koke yo anlè?*

Will: *Ede m frape. Mimi!*

Will montre manman li britsoukou travay atistik li te fè nan lekòl li, epi answit, swiv enstriksyon li pou mete li sou frijidè a.

Manman: *Di w yon bagay? Pita a pare.*

Mimi: *Pita a pare? Ou te montre manmi epouvantay ou te fè nan lekòl la?*

Manman: *Wi, li te fè sa.*

Will: *Epouvantay mwen yo.*

Manman: *Mwen konnen. Ou vle kole yo sou frijidè a?*

Estrateji entèvansyon manman Will te aprann nan bay entansite ki nesèsè pou fè yon enpak sou trajektwa aprantisaj Will epi kontinye sipòte aprantisaj li pandan preskolè epi pi lwen toujou.

Siy Prekòs Otis—Devin a 18 mwa

Manman: *Devin – Kisa w genyen? En? Gade! Ti pwason. Ou wè? Kisa w genyen? Gade Devin. Ooo! Ey? - Mete tout blòk yo deyò. Tout blòk yo. Gade. Ki kote w prale? Ki kote w prale? An, an? Èske m pral kenbe w? Èske m pral kenbe w? Ey!*

Devin ranmase ti objè, dabò pyès kastèt answit blòk fom, epi atansyon li konsantre anpil sou graje objè yo. Li te montre tou yon mank kominikasyon sosyal. Malgre efò manman li fè ak anpil pèsistans pou ofri diferan òf sosyal epi pou bay egzanp pi bon jwèt, gwo enterè entans Devin nan graje objè yo entèfere ak sosyal entè-aksyon epi li pa t pataje enterè sa yo.

Chanjman avèk Entèvansyon—Devin nan laj 2-3 an

Devin genyen 19 mwa lè manman li kòmanse ESI. Pandan seyans entèvansyon prekòs sa a, Devin te montre pi bon atansyon sosyal pandan l ap monte sou yon tren jwèt.

Entèvansyonis: *Oh m ap resevwa tout kalite rega ak souri. Kòman nou ka fè sa? Èske w vle eseye fè li tankou yon bagay ale retou? Paske mwen vle – Mwen vle... Pare...*

Li pi fasil pou atire atansyon li sou moun pandan li p ap jwe ak ti objè.

Entèvansyonis: *Kounyea nou pral vire. Alo Manmi!*

Manman: *Ou vle retounen al jwenn manman?*

Entèvansyonis: *Prepare, Derape, ale! Donk, atant yo prèske nil kontrèman a rete nan melanj sa a, pa vre? Donk nou jis atann nou ke li patisipe. Alo, chè amou! Mwen jwenn ou! Non nou pral vire won epi al jwenn Manmi nou.*

Manman: *Kote manman? Kote manman? Alo!*

Obsève jan yo reyisi fè li gade vizaj yo, pataje rejwisans yo, epi menm fè babay.

Entèvansyonis: *Oswa menm lè se nou menm, se yon moman ekstrawòdinè pou resevwa bon ti detou rega sa yo epi pataje lajwa.*

Manman: *Ou pare? Ou dwe ouvri sa a.*

Entèvansyonis: *Menm lè yo fasil anpil pou li, bagay sa yo, gade ak souri epi pataje jwa, l ap pi difisil tou pre objè akòz de fason konsantrasyon sou objè fonksyone. Alo Manmi!*

Manman: *Alo Devin. Alo. Wooo. Mwa!*

A 21 mwa, ou ka wè a ki difikilte manman Devin ap fè fas pou jwenn yon aktivite ki motivan paske enterè entans Devin pou mete DVD prefere li yo anndan ak deyò epi gade yo nèt ale.

Manman: *Ou vle fè Play-Doh oswa jwèt?*

Devin: *(plenyen)*

Manman: *Montre Manmi. Play-Doh silvoupè? Trè byen, trè byen. Nou p ap fè sa. Ou vle ouvri li? Men. Tanpri Manmi, ouvri. Sa p ap mache. Èske w vle jwe? Bay Manmi li. Li p ap ka antre nan sa a.*

Devin: *(boude)*

Manman: *Nou ka chita. Si w vle jwe nou ka chita. Vin isit. Nou ka chita sou tab la.*

Manman Devin ap eseye motive li kote l ap ofri li chwa lòt aktivite. Men fiksasyon li ak lektè DVD a debouche sou anpil fristrasyon.

Manman: *Nou pral chita si w vle jwe Play-Doh.*

Manman li ap eseye tout sa li kapab pou li ofri li aktivite ki genyen plis potansyèl pou entè-aksyon ak aprantisaj. Sepandan, sipò pou yon ajanda pataje poko fin anplas. Manman li ap lite pou fè konpetisyon ak enterè entans li epi li santi li pa reyisi.

A 23 mwa pandan seyans ESI a, entèvansyonis la antrene manman li pou ofri yon chwa liv pou asire se yon liv ki motivan anpil pou Devin, epi fè preparasyon pou yon ajanda pataje.

Entèvansyonis: *Annou jis eseye sa a puiske li-*

Manman: *Èske w vle gade tibebe oswa makak?*

Entèvansyonis: *O, se trè byen! Oke! O, donk sa se te vwa ak dyalòg. Sa te bèl, Manmi!*

Manman: *Li di bloti...epi jwe...di bloti ak manmi.*

Entèvansyonis: *Kounyea n ap konsidere vwa li ke se tou pa li, pa vre? Donk w ap fè yon travay remakab pandan w ap ajoute yon mo amizan epi tann.*

Wòl prensipal Devin se vire paj la epi manman li ap aprann swiv konsantrasyon atansyon li kote l ap fè efè yon son epi answit remèt tou a bay Devin.

Manman: *Se yon tig. Tig jwe. Yon lòt paj. Li di, "alo" Alo.*

Entèvansyonis: *Aw, gade jan sa bèl! Nenpòt bwi oswa son ki mache ak sa yo, tankou bri gonde a.*

Manman: *Gonde!*

Devin: *Raa, raa, raa.*

Manman: *Gonde.*

Devin: *(pa klè)*

Ansanm yo selebre etap enpòtan sa yo nan devlopman konpetans sosyal Devin.

Entèvansyonis: *Kite li kontinye, sa bèl!*

Granma: *(andeyò kamera) Sa enkwayab.*

Entèvansyonis: *Fason l ap chanje son li yo epi mete yo ansanm nan diferan fason bèl anpil.*

Manman: *Mete l anndan?*

A 24 mwa, pandan lesiv, obsève kòman manman bay Devin wòl pwodikatif pou li pouse chak rad nan machin a lave a, epi bay egzans langaj. Sa bay yon bèl opòtinite pou pataje yon moman jwa ak rejwisans.

Manman: *Chemiz Manmi an anndan. M ap gade, m ap gade. M ap gade bagay ou a. Oke, de lòt ankò. Chemiz Devin an anndan. Yey!*

Manman: *Li nanwit la a pou Rudy, mwen regrèt. Gade, Manmi genyen...*

A 28 mwa, pandan seyans entèvansyon ESI, Devin ak manman li te travay sou enterè entans li pou DVD epi te rive pwofite de Play-Doh ansanm avèk antrènman epi ankourajman.

Entèvansyonis: *W ap fè yon bonjan travay remakab pou w fè li antre ankò. Èske w panse ke konstan...*

Manman: *Ou vle jwe ak Manmi? Mwen pa konnen.*

Entèvansyonis: *Oke. Lòt bagay nou te ka fè se di, "ou konnen, nou pral fè yon anprent men. En, de, twa, kat, senk epi answit di "bay, bay" Yon fason pou w jis...*

Manman: *Vwala, Devin. Nou pral fè yon- yon anprent men epi answit di "bay, bay"*

Entèvansyonis: *Oke, annou fè dwèt Devin.*

Manman: *Annou fè men Devin.*

Entèvansyonis: *Sa se bagay prefere w. Ou anfòm. Se byen. Kounyea otan ke nou kapab.*

Manman: *En, de, twa, kat, senk epi krazel! Men men w! Yey!*

Entèvansyonis: *Trè byen, Manmi. Gade la a! Kounyea l ap bay koulè, wi, sa yo ap vrèman enteresan. Oke, li reyisi anpil answit, jis kontinye epi deside sa pral byen pase. Paske nan moman sa yo kite twòp nan chwa sa a rete gendwa twòp.*

Manman: *Fèmen. Nou dwe ouvri.*

Entèvansyonis: *Ouvri.*

Manman: *Manmi gen yon etwal ak yon triyang. Pa gen triyang?*

Entèvansyonis: *Non, pa gen triyang.*

Manman: *Nou dwe fè sa lòt fason an. Fè li konsa. Pouse. Pouse. Yon etwal!*

Entèvansyonis: *Men ni. Peze yon gwo boul. Bon travay, Manman!*

Manman: *Play-Doh ale la a. Pouse. Play-Dohh ale nan goblè a, epi kouto yo ale nan sak la.*

Entèvansyonis: *Ou konnen, tan w pran pou, "Èske w fini nèt?" te petèt tonbe byen paske èske w te obsève li te sèvi ak vwa li? Li te prèske sanble ak wi. Tankou, "Wi, se yon bon moman pou mwen pou m di babay."*

Manman: *Fè yon ti tann, kouto.*

Manman & Entèvansyonis ansanm: *Kouto yo lòtbò.*

Manman: *Kouto yo lòtbò.*

Obsève kòman manman li rive kenbe atansyon Devin sou wòl li pou mete Play-Doh ak kouto yo lòtbò ak yon endepandans enpresyonan, epi menm travay ak yon konklizyon difisil puisque Devin pa t ka tann pou retounen nan Tele a.

Devin: *(plenyen)*

Manman: *Mete de sa yo anndan. Oke, mete Play-Doh lòtbò. Mete de sa yo anndan.*

Entèvansyonis: *Bay, bay etwal. Oke.*

Devin: *plenyen*

Entèvansyonis: *Anndan. Sa yo amizan. Tout Play-Doh fini.*

Manman: *Ba. Bo Manmi! Kraze lè a. Ti ba. Mwen mèt fè Ti ba?*

Devin: *aa, ... ma, ma*

Entèvansyonis: *Vini, vini! Manman, Manman!*

Manman: *Ma, Ma! Vini!*

Manman: *Vin isit, Cheri. Èske w fini? W ap jete yo? Nan fatra. An, o.*

Nan dènye videyo 29 mwa a, manman Devin bay mesaj klè ki eksprime atant li nan patisipasyon li, sa ki enpòtan anpil pou sipòte tande li ak devlopman konpreyansyon langaj li.

Manman: *Ou dwe ouvri li. Pouse. Pouse.*

Li ede Devin kontinye jiska finisman, epi ansuit selebre reyisit li ak yon papach.

Manman: *Yey! En e de. Pran fouchèt ou a? Li tonbe. Pran li.*

Granmè: *(andeyò kamera) O, bon travay!*

Manman: *Trè byen Devin.*

Granmè: *(andeyò kamera) Yey!*

Manman: *Toupre tèt la. Toupre tèt la. Annou fèmen li. Yey! Papach. Yey! Ou se yon gwo gason!*

Siy Prekòs Otis—Katie a 18 mwa

Manman: *En? Kisa w vle? Bon, pa fache pou sa. Kisa w vle? Kisa w vle? En? Kisa w ap fè? Kisa w ap fè? Kisa w ap fè? Mwen pral mete youn ladann. Mwen pral mete youn lòt ladann. Trè byen. – Ou wè fig sa yo? En? Fig? Kisa w vle? Kisa w vle? En? Katie? Ok, Oke, ou vle wè fig la? Ou gendwa wè li. Fig? Kisa sa a ye? Ou ka manje li konsa! Fig? Fig? Katie, kite mwen koupe li.*

Manman: *Men nou. Kisa ki gen nan bous ou a? Kisa ki gen nan bous ou a? Ou gen yon koupon. Ou gen yon foto. Ou gen yon foto? Kisa ankò ki gen nan bous ou a? Kisa ki gen sou do kanè chèk ou a? Èske sa a se yon foto? Èske w te remete l nan plas li?*

Katie te montre yon mank resipwosite sosyal ki frapan. Li sèvi ak son epi pafwa yon mo men li te genyen itilizasyon limite ak jès. Lè manman li pa t kapab wè sa li t ap eseye kominike, li vin fristre anpil, mòde tibebe poupe a epi voye l atè, boude, epi deplase ale. Retire epi mete blòk yo nan yon resipyan te ka fè li kalme men Katie te gen difikilte gade manman li epi pa t pale avèk li dirèkteman avan li kanpe epi deplase ale ankò. Li te di yon bagay pandan l ap avanse tou pre kontè a epi manman li te entèprete li kote li te devine “ou wè fig yo” men Katie pa t janm kite manman li konnen kisa li te vle pami tout chwa li te genyen sou kontè a. Yon lòt fwa ankò sa te mennen fristrasyon epi manman li te kontinye devine epi eseye konprann sa li te bezwen. Katie te montre enterè eksèsif lè li jwenn objè prefere li, yon kouvèti kanè chèk ak foto, ki entèfere ak repons li ak òf sosyal epi inisasyon entè-aksyon sosyal. Manman li te rapòte a laj sa a Katie te koleksyone, anpile, oswa sanble objè patikilye nan yon fason repete, tankou espatila, liv, bwat DVD, oswa poupe li yo.

Chanjman avèk Entèvansyon—Katie nan laj 2-3 an

Katie genyen 21 mwa kounyea.

Entèvansyonis: *Ou gendwa mete sa a. Men machin mwen an. Yon dènye fwa, anba pon an. Prepare, an pozisyon, derape. Wi! (bat men avèk Manman)*

Fanmi li gen yon mwa depi yo kòmanse ESI. Entèvansyonis la ede manman li aprann kòman pou li kreye yon woutin avèk blòk.

Entèvansyonis: *Mwen wè sa! Pase anba. Weee. Wouchhh.*

Manman: *Kraze.*

Entèvansyonis: *An, o pon. Se te trè byen. Donk li rive mete youn epi l al kraze ak machin yo. Donk pratik ak previzibilite se pyès sa a ki poko la a.*

Manman: *Li pa t janm ko wè yo anvan.*

Entèvansyonis: *Wi, donk li tounèf. Li pa konnen kisa nou pral atann de li oswa kisa wòl li te ye. Men si w ka fè kèk ti woutin piti menm jan an chak fwa, tankou pon an oswa konstwi wout la ak arebò, donk li konnen ki mo ki mache avèk li, li konnen ki aksyon ki mache avèk li, donk l ap genyen plis chans jwe yon wòl.*

Sipò sa yo ofri Katie wòl ki klè ak previzibilite pou jwèt ak entè-aksyon.

Katie: *Babay, babay*

Manman: *Babay blòk?*

Entèvansyonis: *Oke. Tout bagay fini.*

Manman: *Nou pral retire soulye sa yo. Gade Katie, gade. Sòti.*

Katie: *En, soulye Katie*

Manman: *Èske w ka retire sa a? Èske w ka rale l soti? Rale. Men ni.*

Katie: *Amidon mayi.*

Manman: *Amidon mayi. Epi nou dwe mete sa yo. Èske w ka lonje yon soulye ban mwen? Mwen bezwen yon pye.*

A 23 mwa manman Katie bay sipò pou yon ajanda pataje ofiramezi y ap pare pou aktivite atistik ak amidon mayi epi dlo.

Manman: *Mete soulye. Èske w ka pouse? Pouse pouse? Pouse l? Oke, bon travay. Oke, mwen bezwen yon pye.*

Obsève konbyen wòl manman Katie bali pandan l ap chanje soulye epi sanble materyèl.

Manman: *Mwen bezwen yon pye. Katie, mwen bezwen yon pye.*

Katie: *Mwen pa wè li.*

Manman: *Èske w ka pouse li? Èske w ka fèmen li?*

Katie: *Pouse l.*

Manman: *Pouse l, wi. Oke.*

Katie: *Amidon mayi.*

Manman: *Amidon mayi ak dlo ak yon kaswòl.*

Katie: *Kaswòl, dlo.*

Manman: *N ap sòti deyò. Pran prekosyon. Pran prekosyon. Avèk sa nou dwe pran prekosyon. Oke. Oke, pran kaswòl la.*

Katie: *Kaswòl.*

Manman: *Ann soti deyò.*

Sa motive Katie pou tande epi patisipe nan chak pa ak antisipasyon aktivite amizan sa a.

Manman: *Katie vle machin yo. Oke, nou ka sèvi ak blòk yo. Èske w vle fè yon pisin?*

Katie: *Pisin?*

Manman: *Èske w vle ede m pran bon dlo?*

Katie: *Wi.*

A 25 mwa pandan jwèt, manman Katie travay pou kreye yon ajanda ki pataje sou yon nouvo senaryo jwèt wòl.

Manman: *Ann pran bon dlo. Vini. Fòk ou vin ede m. Kanpe. Fòk ou vin ede m.*

Katie: *Ou fini ak blòk yo? Ou fini ak blòk yo?*

Manman: *Gade. Annou jis eseye li Katie. Ann pran dlo pou pisin nou an. Oke? Vini. Ann pran dlo.*

Katie: *O, o, o, o, o.*

Manman: *Ann fè yon wout.*

Katie: *O, o, o, o.*

Manman: *Mete li la a. Men ni. Men yon lòt ankò. Mete li la a. Nou pral monte nan pisin nou an avèk sa a. Fè kèk eskalye. Nou pral fè kèk eskalye pou pisin nou an. Ede m fè kèk eskalye. Èske ou kapab ede m? Pouse. Oke. Nou bezwen kèk eskalye anplis.*

Katie: *Tout eskalye fini.*

Manman: *Ou pa vle fè ankenn eskalye?*

Katie: *Mwen pa nan eskalye.*

Manman: *Oke. Donk nou p ap fè ankenn eskalye kounyea. Men pisin nou an. Men gade. Gade Manmi.*

Obsève kòman manman ankouraje li pou eseye yon nouvo bagay men ki repondong lè Katie di tout eskalye fini.

Manman: *Men mwen. M ap vini nan pisin nan. Men Bonbon Mons lan ap vini. Li pral monte anwo anwo anwo. Prepare, Derape?*

Katie: *Ale.*

Manman: *Weeee. Jwe nan dlo a, jwe nan dlo a, jwe, jwe, jwe, jwe, jwe, jwe, jwe.*

Menm lè tou yo poko byen balanse, pratik opòtinite sa a ede Katie aprann yon nouvo woutin epi pou li rete la menm lè li pa santi li motive.

Katie: *Epi jwe.*

Manman: *Epi jwe. Se tou pa kiyès answit?*

Katie: *Grover.*

Manman: *Bon al chache Grover.*

Katie: *Vole anndan, vole anndan.*

Manman: *Tout moun kanpe. Se lè pou lekòl. Ki premye bagay nou pral fè, manje ti dejene?*

Katie: *Li ka ale manje ti dejene.*

Manman: *Nou dwe ale nan kwizin nan donk. Kiyès ki prale anvan epi manje? Ernie? Ou vle Ernie ale an premye? Oh, Bonbon Mons prale an premye. Li prale nan kwizin nan. L ap retire yon bagay nan frijidè a. Kisa li pran la a?*

Katie: *Li fini.*

Manman: *Li fini? Kisa w te pran la a, Bonbon Mons? Kisa w te pran la a pou manje?*

Katie: *Kounyea li pral al lekòl.*

Sis mwa apre, Katie genyen 31 mwa kounyea. Langaj li te devlope epi li genyen aksyon li pretann nan lespri l pou pèsonaj li yo.

Manman: *O, kounyea li pral al lekòl. Kiyès ki vini answit? Kiyès ki vini answit?*

Katie: *Makawon.*

Manman: *Nou pral mete li nan machin nan si li prale lekòl. Chita sou chèz machin ou an Makawon. Chita sou chèz machin ou an. Mwen pral fè yon lekòl. Trè byen. L ap soti nan machin li an li prale lekòl. Kiyès ki vini answit? Kiyès ki vini answit?*

Katie: *Grover pral ale.*

Manman: *Bon fòk li gen yon bagay pou l manje.*

Katie: *(baton, baton)*

Manman: *Kisa li te manje?*

Katie: *Li te manje yon bagèl.*

Manman: *Li te manje yon bagèl? O, sa a se yon bon ti dejene. Mete li nan machin nan.*

Manman li toujou ap travay pou gide nan jwe senaryo a, men Katie patisipe plis epi ofri nouvo ide.

Manman: *Bip, bip, bip. Nou pral lekòl, nou pral lekòl. Li pral lekòl. Kiyès ki vini answit? Kiyès ki vini answit?*

Katie: *Lyon.*

Manman: *Lyon an! Lyon an pral al lekòl?*

Manman: *Bay, bay kay. Mete li anba la a.*

Katie: *L ap jwe lakay li kounyea.*

Manman: *Trè byen, kounyea kisa w vle fè? Mwen pa ka sonje. Mmm.*

Katie: *Manmi, tanpri pran play-doh.*

Manman: Oke. Annou pran li.

Katie: Mwen pral chache li. Manmi, kanpe. Mwen pral chache li.

Yon mwa apre, Katie britsokou fè yon demann pou Play-Doh a, ki se aktivite prefere li.

Manman: Vwala.

Katie: Mwen pote valiz la pou...

Manman: Sa lou, pa vre? O,

Katie: Men play-doh a.

Manman: Oke.

Katie: Èske nou ta dwe fè yon cheval? Èske nou ta dwe fè yon cheval?

Kounyea Katie pi enterese nan fè jwèt wòl epi pataje plan li yo. Obsève kòman manman li bay opòtinite amizan pou Katie sèvi ak langaj epi kounyea ak plis tou ekilibre pou sipòte respwosite sosyal li.

Manman: Mmm, kiyès nan yo nou vle pran?

Katie: Cheval la.

Manman: Mwen konnen w vle fè yon cheval. Men ki koulè nou pral ba li? Ki koulè play-doh?

Katie: Vèt.

Manman: Vèt, vèt?

Katie: Vèt (lonje dwèt sou valiz la)

Manman: Men ni. Men vèt la. Men vèt la (pandan I ap bay Katie woz la).

Katie: O, sa a vèt..., sa a se woz.

Manman: O... men woz la (pandan I ap lonje vèt la bay Katie).

Katie: O, sa a se vèt!

Manman: Oke (pandan I ap ri)

Katie: Sa a se pa woz (pandan I ap remèt woz la).

Manman: Oke.

Manman: Kisa w vle fè? Mmm? Kisa w vle fè?

Katie: Mwen bezwen, mwen bezwen yon cheval.

Manman: Yon cheval. Oke. Ann fè yon cheval. W ap ede m. W ap fè youn epi Manmi ap fè youn.

Manman Katie bay sipò pou pi bon konpetans ak egzanp pou langaj ak jwèt.

Katie: Yon chapo Anana Pirat. Li gen chapo. Li gen yon pirat.

Manman: Yon chapo pirat?

Katie: Mwen konprann.

Manman: Kourye a deyò a, mwen te wè faktè a (li lonje men sou papa ki andeyò kamera a). Oke, sa a se cheval nou.

Katie: Se yon sèpan.

Manman: Se pa yon sèpan. Sa pa sanble yon cheval? Mwen sipoze li pa sanble ak sa. Li bezwen pye men n ap fè kòm si li chita atè.

Katie: Manje bè, bè, epi li genyen..

Manman: M ap bay pwonmnad cheval. Kiyès ki vle monte sou do m?

Obsève Katie ajoute pwòp ide kreyativ li ak aksyon nan jwèt sa a ak eksitasyon epi menm sèvi ak yon lòt vwa pou pèsonaj yo.

Manman: M ap bay pwonmnad cheval. Kiyès ki vle monte sou do m? Mwen vle, mwen vle, mwen vle.

Katie: Makawon sa a.

Manman: Dawoum, dawoum, dawoum, dawoum, dawoum, dawoum, dawoum, dawoum, dawoum, dawoum. Mèsi pou pwonmnad la Mesye Cheval. Èske li ka monte cheval la?

Katie: Mèsi pou pwonmnad la Mesye Cheval.

Manman: Mèsi pou pwonmnad la Mesye Cheval. Mwen, mwen! Se tou pa m, tou pa m. Dawoum, dawoum, dawoum, dawoumda, Mèsi pou pwonmnad la Mesye Cheval.

Katie: Tou pa m, tou pa m. Baa, baa, pote. Monte ti cheval la. Mwen pral fè yon pwonmnad Mesye Cheval. Kiyès ki pral fè sa? Monte. O, li tonbe.

Manman: O, li tonbe. Grover tonbe.

Katie: *Kote papi?*

Manman: *Ou konnen kote l ye. Li chita sou kanape ble a, l ap li kourye.*

Katie: *O, men ni.*

Manman: *Men ni. Kisa nou pral fè kounyea? Nou gen yon cheval epi nou gen yon chapo. Kisa nou pral fè ankò?*

Katie: *Kayiman.*

Manman: *Mmm?*

Katie: *Yon kayiman.*

Manman: *Yon kayiman. Èske sa a sanble ak yon kayiman pou ou? Wò, wò, chonp, chonp, chonp.*

Katie: *O, non, ke a.*

Manman: *Ke li tonbe.*

Katie: *Èske nou ka jwenn yon lòt ke?*

Manman: *Nou ka fè yon lòt ankò. Jis kole li anba la a. Ann gade la a. Kite mwen montre w.*

Li ta sanble kounyea Katie ak manman li gen yon konvèsasyon, epi Katie ap bay kontribisyon pa li pou echanj lan kontinye.

Manman: *Vwala, nou ranje li. Vwala, li ranje.*

Katie: *Mwen ranje li ankò.*

Manman: *Byen. Ou ranje li ankò.*

Nan dènye videyo sa a, Katie gen 36 mwa.

Katie: *Nou bezwen ale.*

Manman: *Oke. Nou pral retounen antre.*

Katie: *Dabò nou bezwen kèk zanmi.*

Kounyea li ka pwolonje senaryo jwèt wòl la limenm kote li ka sigjere envite zanmi epi sèvi ak langaj jenerativ pou mennen aktivite a.

Manman: *Fòk mwen jwenn yon bagay pou m bay Avery jwe. Oke, Ou pare?*

Katie: *Mmmmm.*

Manman: *Oke.*

Katie: *Vini madanm kamera.*

Manman li bay egzanp pi bon langaj ak jwèt kote li jis fè kèk sigjesyon pasi pala pou fè woutin nan kontinye epi pwolonje aktivite a.

Katie: *Nou vin lakay pou nou ka wè w. Men nou bezwen fèmen pòt la.*

Manman: *Non, nou pa ka fèmen pòt la paske madanm kamera a bezwen kanpe la a. Oke, nou pral fè yon goute. Nou pral prepare tout bagay. Nou pral prepare tout bagay. Oke.*

Katie: *Nou bezwen kèk zanmi.*

Manman: *Nou bezwen kèk zanmi.*

Katie: *Mmmmm.*

Manman: *Kiyès k ap vini?*

Katie: *Ri Sesame.*

Manman: *Zanmi Ri Sesame ou yo?*

Katie: *Mmmmm.*

Manman: *Nou pral chache yo.*

Nan sipòte Katie sèlman nan nivo kote sa nesèsè, manman li ankouraje endepandans Katie pou li prepare li pou entè-aksyon reyisi ak kamarad li.

Manman: *O, oke, bon travay. Annou fè sa. Ou pral mete li sou tab la?*

Katie: *Mmmmm.*

Manman: *Oke.*

Katie: *Bon, se sa m pral fè wi.*

Manman: *Se sa w pral fè?*

Katie: *Mmmmm, wi.*

Manman: *Bon vin bò isit.*

Katie: *Wi. Paske mwen pral fini li pou madanm kamera a.*

Manman: Oke. Gade Katie, mwen te ranmase flè pou piknik nou an. Ou vle pran sant yo?

Katie: Mmmmm.

Manman: Mmm, yo santi bon, pa vre? Mmm. Èske nou ka mete yo nan yon po? Mwen te jwenn youn.

Katie: Nou dwe kite yo deyò.

Manman: Oke.

Katie: Sa a se yon po. Sa a se bwason m nan.

Manman: Oke.

Katie: Yo rele sa a ji.

Manman: Yo rele sa a ji?

Katie: Mmmmm. Yo rele sa a ji.

Manman: Oke. Men yon asyèt.

Katie: Mmmmm. Men yon asyèt pou flè.

Manman: Men yon asyèt pou Lapen? Pou kiyès sa a ye?

Katie: Minnie.

Manman: Minnie, oke. Ede mwen, ede mwen kanpe.

Katie: Ede w?

Manman: Yèp. Ede mwen. Ann mete manje a deyò.

Siy Prekòs Otis—Ryan a 18 mwa

Manman: Di ouvri? Èske w ka di ouvri? Èske w bezwen èd? Ou vle manmi ede w ouvri? Men ni. Ou vle kolorye? Men, mete yon kreyon deyò. Men ni. Èske w vle sèvi ak sa a pou w desine? Men, desine yon sèk. Ou jis vle netwaye, pa vre? Annou trase yon ti figi. Tou pa w. Sa a se jis mezi w, Ryan. Èske w ka ouvri sa a? Èske nou ka jwenn yon kreyon? Èske w ka chwazi youn? Chwazi youn. Ann chwazi yon wouj. Men ni. Èske w vle desine? Ou jis vle netwaye, pa vre? Mwen renmen ouvri epi fèmen bagay nan jou sa yo. E yon mov? Èske ou ka jwenn yon kreyon mov? Ey, Ryan, gade Manmi. Ryan, gade Manmi! Gade, gade. Gade mwen. Gade mwen. Èske w ka desine? Men. Ann chache kèk kreyon. Mete kouvèti a anplas yon lòt fwa ankò nou pral desine. La a. Mete li anplas nèt. Peze li desann. Oke, desine. Èske w ka kolorye? Annou desine yon imaj. Ou pa vle? Di “Kouvèti sa a pi amizan.” Vin isit!

Manman: Kisa sa a fè? Men ni? Danse! Ann danse! Ann danse! Ann danse! Ann danse! Di “Manman, mwen gen manje nan bouch mwen, mwen pa ta dwe ap danse.” O, o ou jwenn prefere w la. Ou te kapab rive ladann, pa vre? Kisa sa a ye, Ryan? Èske sa a se yon elikoptè? Kisa li fè? Èske li vole nan syèl la? Gade! Voum, voum, voum! Voum, voum, voum! Èske Manmi ka fè yon tikout? Ryan? Èske w ka lonje sa a bay manmi? Èske m ka fè yon tikout? Vini. Di “Mwen p ap janm lonje sa a ba ou, se prefere mwen.” Gade! Zoum, zoum! Èske m ka fè yon tikout? Eske m ka pran elikoptè a? Oh, tonbe atè, Mèsi! Ou vle ede m lave? Vin isit! Eseye sa a an premye. O, li ka toujou rive. Oke, sa pa fè anyen. Ryan, vin isit. Ou vle fè yon ti lesiv?

Ryan te montre yon gwo enterè nan kouvèti plastik resipyan an. Li retire l plizyè fwa, answit remete l nan plas li, menm lè manman li eseye desine ak makè yo epi desine li ladann kote li ofri li lòt materyèl ak wòl. Manman li menm fè yon kòmantè “ou jis vle netwaye”. Li te poze kesyon, epi menm kontinye fè òf pou atansyon li kote li site non li, touche manton li, epi vin toupre figi li. Li te prepare li kote li di li pou mete kouvèti a nan plas li yon dènye fwa, answit retire resipyan an. Gwo enterè li a te vin menm pi evidan lè li te deplase bò kot tab la pou l al chache resipyan an. Malgre sipò konsistan ak lejè manman li, Ryan te montre yon mank nan konpetans kominikasyon sosyal ki frapan. Lè li tap jwe ak jwèt mizikal la, manman li te fè li gade li, pwoche kote l, epi souri tou kout ba li pandan l ap chante, pran men li, vire li, tankou l ap danse. Men nan kèk segonn, atansyon li te detounen sou jwèt elikoptè prefere li a sou biwo ki tou pre li a. Li vire elis la nan yon mouvman won plizyè fwa. Manman li te okouran de jan jwèt patikilye sa a entèfere ak entè-aksyon. Li eseye atire atansyon li sou li ansanm ak lòt aksyon sou elikoptè a. Lè sa pa mache, li retire li epi eseye detounen atansyon li sou yon lòt aktivite. Men Ryan te jwenn jwèt la epi deplase ale pi lwen, pou li asire li li te ka we avèk li, san

entèripsyon. Nan aktivite sa a lakay li, prezans konpòtman repetitif ak enterè limite, menm jan ak gwo mank nan etap kominikasyon sosyal te parèt byen klè.

Chanjman avèk Entèvansyon—Ryan nan laj 2-3 an

Manman: *Men yon etwal. O, Manmi gen yon etwal. Nou gen de etwal. Èske nou ta dwe chante, koutje, koutje?*

Ryan: *e, an*

Ryan genyen 22 mwa kounyea. Apre kèk mwa ESI, manman li ap aprann kòman pou li kreye yon ajanda pataje.

Manman: *Kenbe etwal ou a. Mwen genyen etwal pa m.*

Manman: *Epi kanpe. Èske w ka kanpe pa w la? Youn, de, twa, kanpe.*

Ryan: *Ale, ale (ak lang siy avèk aksan)!*

Manman: *Èske nou ta dwe ale, ale, ale? Oke, li ale, ale, ale!*

La a yo chak gen yon kouto pou koupe bonbon an fòm etwal. Ryan vire li nan yon mouvman sikilè epi montre gwo enterè li genyen nan fè l vire.

Manman: *Pa m nan fè bri anpil. Kanpe.*

Ryan: *Ey, ey, ey, ey, ey.*

Manman: *Mwen pral mete yon etwal sou zòtèy ou. Anwo! Anba. Mwen pral mete yon etwal sou dwèt mwen, epi èske mwen ka mete li sou nen m? Ou panse l ap rete? Oo! Gade sa a! Mwen gen yon etwal sou nen m. Atchou! Mwen konprann!*

Manman li sipòte yon ajanda pataje pandan l ap respekte enterè repetitif, limite epi eseye diferan aksyon amizan ak son pou atire atansyon sou tèt li.

Manman: *Ou gen yon etwal sou nen w! Èske w pral estène? A-a-atchou!*

Ryan: *Ey, ey, ey (souri)*

Manman: *Èske nou ta dwe mete li sou dwèt nou? Sentiye, sentiye ti etwal. Èske mwen ta dwe mete l sou tèt mwen? O Ryan, A-a-a-a...a-a-a-a...a-a, mwen pral estène, a-atchou! O, al jwenn ou dirèkteman!*

Ryan: *Ey (pandan l ap bay manman l etwal la)?*

Manman: *Yon lòt ankò? A-a-a-a-atchou! Tou pa Ryan! Atchou!*

Ryan: *Oo.*

Manman: *Ou vle li sou nen w? Bwenk. Bonk. Mwen gen yon etwal sou nen m. Tchou! O, byen.*

Ryan: *An, an*

Manman: *Yep, mete l ansanm. O, sa bèl. L ap vire touwon. Èske w ka pataje? Èske se tou pam? Èske w ka pataje? Pataje avèk Manmi? Mwen pral vire won avèk li epi mwen pral vire li. Epi mwen pral monte, epi sou kote.*

Ryan: *ey, ey, ey, ey, ey. eeeeeey (pandan l ap frape ak eksitasyon sou tab la).*

Manman: *Ou vle mete li sou tab la? Ou vle mete li anba, anba, anba? Men ni. Di anba, Manmi anba.*

Ryan: *babye*

Manman: *Anba, anba.*

A 23 mwa, manman Ryan kreye opòtinite pou Ryan pran tou pa l avèk aksyon senp epi son pandan li sere jwèt li prefere a nan yon bann pil bwat.

Manman: *O, non li pa la a. Ki kote l ye?*

Ryan: *Mmm.*

Manman: *Oo! Non, se pa la a! Annou devine ankò. Men, mwen vle eseye sa a. Non, se pa la a. Tou pa w.*

Ryan: *Non, mmm.*

Manman: *O, kote li dwe ye? Èske li anba la a? Èske li anba la a?*

Ryan: *Non.*

Manman: *O, Bondye. O, gade nou gen de anplis. Èske li anba sa a, oswa sa a? O, men ni!*

Vèsyon lago-kache sa a konstwi sou gwo enterè Ryan genyen pou objè pandan li ba li posiblité entè-aksyon sosyal epi rejwisans pataje.

Manman: *Nou jwenn ni. Yey!*

Ryan: *Bap, bap, bap, bap, bap, bap.*

Manman: *Anwo, anwo,*

Ryan: *Mou.*

Manman: *Boum. Èske nou ta dwe konstwi l?*

Ryan: *An, o.*

Manman: *Men ni. Anwo, anwo, anwo.*

Ryan: *Bap bap,*

Manman: *Vole!*

Ryan: *bap, bap.*

Manman: *Èske nou ta dwe fè plis tou? Epi answit ou ka kraze li? Men.*

Ryan: *(frape sou bwat)*

Manman: *Ko, ko, ko o. Pa gen moun?*

Ryan: *Non.*

Manman: *Non? Pa gen moun anndan la a. Ko, ko, ko o. Pa gen moun?*

Ryan: *Non.*

Manman: *Genlè pito w al gade. Ko, ko, ko o. Alo? Pa gen moun?*

Ryan: *Non.*

Manman: *An nou ouvri.*

Ryan: *An, an.*

Manman: *Souke, souke, souke. Rale. Rale pouse. Rale. Pouse. Rale oswa pouse!*

Ryan: *Mwen (ak lang siy)*

Manman: *Plis? Tou pa Ryan?*

Ryan: *Ale (ak lang siy epi ri)*

Manman: *Ou vle ale. O, oswa pouse. Poukisa sa komik konsa? An, o. Men ni!*

Ryan: *Ale (ak lang siy epi ri)*

Manman: *Ale oswa pouse! Tou pa m. Rale oswa pouse.*

Ryan: *Mmm (pandan l ap pran bwat).*

Manman: *Kisa nou ta dwe fè? Souke li?*

Ryan: *Ouvri (epi fè siy ouvri).*

Manman: *Ouvri? Gade Manmi. Ouvri manmi.*

Ryan: *Ouvri ouvri (epi fè siy ouvri).*

Manman: *Ede m ouvri. Ou pare? Rale. O, ou pa vle li ouvri?*

Ryan: *Mmmm (deplase)*

Manman: *Ouvri, ouvri. Vin isit.*

Ryan: *(Plenyen, fè siy ouvri, epi bat men).*

Yon mwa aprè Ryan te gen 25 mwa, manman li te fè kòmsi l ap jwe avèk yon kit doktè pandan l ap jwe ak konsèp "ko, ko o" la ke Ryan deja konnen pou eveye enterè li.

Manman: *Oh, ouvri. Fòk ou ede, ou pare? Annou fè l ansanm. Oke. Kisa nou ta dwe fè anvan? Èske nou ta dwe verifye batman kè chen an, oswa batman kè Ryan? Mmm.*

Ryan: *Dat, dat, dat.*

Manman: *Verifye jenou w? Tap, tap. Men, verifye jenou Manmi. Ou vle verifye jenou m?*

Ryan: *Dat, dat, dat, dat, dat.*

Manman: *Verifye reflèks mwen.*

Ryan: *Dat, dat, dat, dat, dat, dat, dat.*

Manman: *Boum! Boum! Boum!*

Ryan: *Dat, dat, dat, dat.*

Manman: *Boum! Boum! Men. Tou pa m. Kite Manmi verifye Ryan. Ou pare? Verifye Ryan.*

Tap, tap, tap tap. Pa gen repons.

Ryan: *Bap bap, bap bap.*

Manman: *Men batman kè w. Fòk ou mete sa yo sou zòrèy ou. Men, mwen pral verifye batman kè w.*

Obsève jan sa rezone ak Ryan pandan l ap gade li epi kòmanse fè “bonp bonp” ak sond lan.

Bonp, bonp, bonp, bonp, bonp, bonp, bonp, bonp, bonp, bonp, bonp. Pi vit, pi vit. Bonp, bonp, bonp, bonp. O, ou tonbe. Men, ou vle verifye Manmi?

Ryan: *Bap bap, bap bap.*

Sa bay Ryan posiblite pou li fè pratik itilize son, kèk pawòl pale ak siy, epi aksyon l ap pretann.

Manman: *Verifye Manmi. Kote kè m? Kenbe li nan zòrèy ou. Men, verifye batman kè m. Ou pare? Bonp, bonp, bonp, bonp, bonp, bonp, bonp, bonp, bonp, bonp, bonp. Men, pran yon respirasyon pwofon.*

Ryan: *(detounen kò l bò kote manman li)*

Manman: *Ey, Ryan. Èske w fin jwe doktè? Èske w fini? Fòk nou netwaye. Nou ka jwe ak yon nouvo bagay, men si w fini nèt fòk ou netwaye.*

Ryan: *Mmmmm, Mmmmm.*

Manman: *Oke? Ou fini nèt doktè. Mete sa lòbò epi fèmen kouvèti a.*

Obsève kòman manman li respekte demann li an pou fini men mande li pou ede netwaye.

Manman: *Annale jwenn bebe. W ap vin avè m?*

Yon mwa aprè, kapasite Ryan pou li tande langaj manman l ap devlope.

Manman: *Bebe, kote w ye? Èske li sou chèz la?*

Ryan: *Non.*

Manman: *Mmm.*

Ryan: *Bebe.*

Manman: *Bebe? Èske li nan wagon an? Mmm. Wagon.*

Ryan: *Mmm (fè son ranni epi touche cheval k ap balanse a).*

Manman: *Cheval! Annou jwenn bebe a avan. Èske li nan wagon an? Non. Bebe?*

Ryan: *O, sss-chi (kenbe machin nan anwo).*

Manman: *Ou jwenn yon machin vèt! Annale jwenn bebe epi montre li machin nan.*

Li bay sipò pou respiposite sosyal pandan y ap chache nan salon an pou jwenn poupe a.

Ryan: *Bebe.*

Manman: *O, anba tab la, petèt? Bebe, èske w anba la a?*

Ryan: *plenyen*

Manman: *Mmm. Èske li sou kanape a? Èske li anba zòrye sa a? Èske li anba la a? Vin gade. Vin gade.*

Obsève kijan Ryan ap gade manman li pou jwenn siyal k ap ede li konprann mesaj li a epi reponn lè se tou pa li ak yon son oswa yon mo.

Ryan: *Non.*

Manman: *Non. Èske li anba sa a? Bebe! Di, “mwen jwenn ou.” Kalen pou bebe.*

Ryan: *Bebe.*

Manman: *Bebe!*

Manman: *Babay tout moun. Èske nou ta dwe ba yo yon gwo pousad? En, De, Twa, annale! Babay. Di, “Tounen!” Vini, vini. Ou di, vini, vini! Tounen! Vin isit! Men y ap vini! Men y ap vini!*

Ofiramezi aktivite jwèt sa a ap devlope, obsève tout sipò diferan manman l ap itilize pandan l ap bay egzanp ak mo kle pou kreye opòtinite pou Ryan aprann nouvo konsèp langaj.

Ryan: *Deyò.*

Manman: *Ba yo enpe dlo? Men jiraf ap vini. Doum, didoum, didoum.*

Ryan: *Dit, dit.*

Manman: *Oh, Ryan te pran enpe dlo. Gout, gout. Tou pa jiraf.*

Ryan: *Ji (kouri nan kizin nan)*

Manman: *Ou vle ji w la? Jiraf la ap bwè enpe dlo. Men ni.*

Ryan: *Ji, ji, ji.*

Manman: *Ji, silvouplè? Di, "Vini, Manmi." Vini.*

Ryan: *Ji, bem (pandan I ap fè jès vini).*

Manman: *Men ni. Vini. Vini.*

Ryan: *Mama.*

Manman: *Mama.*

Li reponn ak demann espontane Ryan pou ji, men li kapitalize sou moman sa a pou ede li jeneralize siyifikasyon "vini" apati de jwèt la al jwenn li, epi li kenbe pou li sèvi ak yon jès epi mo.

Manman: *Èske nou bezwen ouvri oswa fèmen? Ouvri?*

Ryan: *Ooo (siy ouvri)*

Manman: *Oke, ann rale. En, de, twa--rale! Ede m rale.*

Ryan: *An.*

Manman: *En, de, twa. Ede m rale. Èske w ka rive?*

Ryan: *Anwo.*

Manman: *Nou pral anwo lè nou fin ouvri. Waw, o, ou vle rale? En, de, twa-- rale. Pran ji w la.*

Li espere li patisipe nan chak etap, apati de ouvri frijidè a pou fè yon chwa, epi fèmen pòt la, yon fason pou li enplike aktivman.

Ryan: *Wawa.*

Manman: *Dlo. Fèmen pòt la.*

Manman: *Lè pou nou dekore? Byen, lè pou nou dekore.*

A 27 mwa, manman Ryan ba li sipò pou li aprann fè chwa epi fè pratik pwononse mo nan yon kontèks siyifikatif epi motivan.

Manman: *Oke Ryan. Ou vle ble, woz oswa vèt?*

Ryan: *ji, i, ey.*

Manman: *Kisa w vle an premye?*

Ryan: *O, o (avèk ensistans).*

Manman: *Ouvri vèt?*

Ryan: *Ouvri vèt.*

Manman: *Ouvri vèt, silvouplè.*

Ryan: *Ouvri vèt.*

Manman: *Mwen gen yon gwo kamyon la a.*

Ryan: *Plis (pandan I ap fè siy plis).*

Manman: *Plis machin? Èske nou ta dwe chache kèk blòk pou ranpli kamyon an?*

Konstwi sou sa ki previzib, langaj makan nan pwochen aktivite a, manman li bay egzanp "ale" avèk "kanpe" avèk jès epi mo jis nan bon moman pou Ryan kapab gade epi imite li.

Manman: *Gade, fè yon wout, pou nou ka kondi ladann.*

Ryan: *O, o.*

Manman: *O, gade. Voum. Voum, voum!*

Ryan: *(Ri)*

Manman: *En, de,*

Ryan: *Ale.*

Manman: *Ale! Kraze. Kiyès ki vini answit?*

Ryan: *Ta, ta, ta?*

Manman: *Se tou pa ble. E wouj? En. Ou vle konte?*

Ryan: *De, ta, ta?*

Manman: *De.*

Ryan: *Twa.*

Manman: *Twa.*

Ryan: *Kat.*

Manman: *Kat.*

Ryan: *Senk.*

Manman: *Ale, ale, ale! Wouch.*

Ryan: *Ale (ak lang siy)*

Manman: *Ale, ale, ale, ale, ale, ale, ale, ale, ale. Ale, ale, ale, ale, ale, ale, ale!*

Ryan: *Ri.*

Manman: *Epi kanpe. Kanpe. Èske w ka di kanpe?*

Ryan: *Ale (ak lang siy)*

Manman: *Bon travay! Kanpe. Ale, ale, ale?*

Ryan: *Ale, ale, ale (ak lang siy).*

Manman: *Pi vit, answit kanpe. Kanpe. Men ble. Bbboum.*

Ryan: *Kastèt*

Manman: *Èske nou ta dwe fè kèk kastèt?*

Ryan: *An an. Ka ka, mmm. Mwen bezwen èd!*

Manman: *Kiyès ki ta dwe ede w?*

Ryan: *Bezwen èd.*

Manman: *Kiyès ki ta dwe ede w, Papi oswa Manmi?*

Ryan: *Manmi, èske w ka ede m?*

Manman: *Ok, Manmi ede?*

Ryan gen 32 mwa epi li ka kominike entansyon li yo byen klè.

Manman: *Kisa w bezwen? Kastèt?*

Ryan: *Wi*

Manman: *Mete yo deyò?*

Ryan: *Mete yo deyò.*

Manman: *Ede m pouse, ou pare?*

Ryan: *Ede m pouse.*

Manman: *Pouse yo nan mitan. Ou vle fè li atè a oswa sou tab la?*

Ryan: *Atè a.*

Manman: *Atè a? Oke. Se byen, annou fè l la a.*

Ryan: *Manmi, ede m.*

Manman: *Deplase kamyon sa yo. Oke annou ouvri l. Ou vle kastèt?*

Ryan: *Manmi, ede m.*

Manman: *Ou vle Manmi ouvri li?*

Ryan: *Wi.*

Manman: *Di, "Manmi, ouvri silvouplè."*

Ryan: *Manmi, ouvri silvouplè.*

Manman: *Oke. Men ni. Ou pare? Ede m leve?*

Manman li bay egzanp ak pi bon langaj epi tann pou Rayan sèvi ak mo epi fraz, men li fè siyifikasyon kominikasyon li an vini bagay ki pi enpòtan.

Ryan: *Mwen vle al lapèch.*

Manman: *Oswa bèt?*

Ryan: *Al lapèch.*

Manman: *Lapèch youn? Nou dwe rasanble li.*

Manman: *Yon chen?*

Ryan: *An, an.*

Manman: *Nou te ka sèlman gade foto a.*

A 35 mwa, Ryan ka sèvi ak langaj klè pou fè manman li konnen sa li bezwen ak sa li pa bezwen.

Ryan: *Mwen pa renmen fèm, Manmi.*

Manman: *Oke, lage li.*

Ryan: *Mwen pa renmen li.*

Manman: *O, ou pa renmen li.*

Ryan: *Mwen pa renmen fèm.*

Manman: *Ou vle ti fi a, ak chat la, ak kòksinèl la?*

Ryan: *Non! Mwen fini ti gato yo.*

Manman: *O, ou vle fè ti gato. Oke, se sa sèlman w bezwen di.*

Manman li bay yon bon ekilib sipò pou entè-aksyon ak endepandans.

Ryan: *Annou fè l nan salon an.*

Manman: *Nan salon an? Oke, bon, mete tout bagay nan bwat la ankò yon fason pou nou ka pote li.*

Ryan: *Sa a isit. Sa a la a.*

Manman: *Mete de sa yo –mete sa yo la a epi de la a. Oke, e ji w la? Èske w fini?*

Ryan: *Mmmmm.*

Manman: *Ann mete li sou kote.*

Ryan: *Èske w ka ede m mete li nan frijidè a, Manmi?*

Manman: *Ou ka fè li. Ann rale chèz ou a mete deyò puiske mwen te pouse li antre. Fè li. M ap pote ti gato yo.*

Ryan: *Ouvri (pandan l ap ouvri frijidè a).*

Manman: *Oke.*

A 38 mwa, Ryan se yon moun k ap aprann poukont li epi kounyea li ka sèvi ak langaj pou eksprime ide ak emosyon epi pou defann tèt li.

Ryan: *O, non! Li tonbe anba la a!*

Manman: *O, non. Li blese? Li sanble kontan. Li sanble l ap ri.*

Ryan: *Li pa kontan. Li sitèlman tris.*

Manman: *O, oke. Li tris?*

Ryan: *Kisa sa, kisa li, ki kote li..., ki kote..*

Manman: *Ki kote kisa?*

Ryan: *Mwen vle fè yon sandwich la a.*

Manman: *Yon sandwich la a? Se nan kizin nan pou nou fè li. Èske w grangou toujou?*

Ryan: *Babay, machin.*

Manman: *Babay, machin.*

Enpak entèvansyon prekos la montre pwogrè Ryan te fè nan langaj ak entè-aksyon sosyal. Men plis enpòtan toujou, manman li vin tounen yon mèt nan sipòte devlopman ak aprantisaj Ryan l ap kontinye itilize pandan ane preskolè li yo ak pi douvan.

Ryan: *Mwen vle w.*

Manman: *Kisa w vle?*

Ryan: *Paske mwen vle manje!*

Manman: *Ou vle manje? Mwen panse li prèske bon.*

Ryan: *Mande Alisa pou li vini anba a pou manje (gade Alisa ki andeyò kamera a).*

Manman: *Oke.*

Ryan: *Di Alisa pou vini anba a.*

Manman: *Yèp. Nou ka fè manje.*

Ryan: *Jen, ale anba a. Èske w ka ale anba a (gade Jen ki andeyò kamera a)?*

Manman: *Nou anba a. Èske w vle ede m fè yon sandwich?*

Ryan: *Jen bezwen vini anba a.*

Manman: *Jen bezwen vini anba a? Nou anba a. Oke, annou pran yon asyèt. Ou vle makak ble oswa flè woz?*

Ryan: *An, mov!*

Manman: *Nou pa genyen ankenn mov ki pwòp. Ou vle makak ble oswa flè woz?*

Ryan: *Flè woz.*

Manman: *Oke.*

Ryan: *Manmi, se oumenm ki pi bon.*

Manman: *Mèsi, Ryan! Li kòmanse di sa yè, oswa gen de jou de sa. Ryan, mwen panse se ou ki bon. Ou se pi bon ti gason ki egziste nan lemond antye.*

Ryan: *Mwen vle siwo myèl sou sandwich, ak manba.*

Manman: Èke nou dwe fè li anwo la a oswa anba la a?

Ryan: Anba la a.

Manman: Anba la a? Oke.

Dyapozitif 17. Kòman enfòmasyon ranfòse fanmi yo?

Fanmi jwe yon wòl esansyèl nan ni amelyore deteksyon prekòs ASD ni amelyorasyon rezilta timoun yo. Enfòmasyon aktyèl sou karakteristik ak koz otis ap ede amelyore sipò fanmi yo. Li nòmal pou fanmi yo vle konnen poukisa pitit yo gen otis. Enfòmasyon ka ranfòse fanmi yo pou ede yo vanse douvan pou amelyore rezilta pitit yo, pou mobilize resous, santi yo konpetan, epi pi enpòtan toujou pou yo gen espwa.

Dyapozitif 18. Kijan nou kapab konprann epi reponn ak emosyon fanmi yo?

Paran yo reponn ak dyagnostik otis la diferan youn de lòt epi answit pataje emosyon yo nan fason diferan.

Genyen kèk ki santi yo pèdi espwa ak rèv yo epi konsantre sou sa ki te ka rive. Yo gendwa eksprime tristès kòm kisa pitit yo p ap devlope nòmalman epi pale sou sa li pa ka fè. Yo ka sonje moman kote fanmi yo te kapab ale nan boutik oswa ale an vakans tankou lòt fanmi yo.

Lòt fanmi rete konsantre sou sa ki la kounyea epi mete aksan sou kiyès pitit yo ye epi sa li ka fè. Deklarasyon tankou, “li se yon pansè pwofon.” “nou konnen sa li vle.” Li timid menm jan ak frèm nan.” pa bezwen jije sa kòm refi oswa akseptasyon. Yo sèlman dekri santiman paran an. Yo wè timoun nan kòm yon endividi, yon timoun ki patikilyè epi ki gen trè atachan, pa tankou yon dyagnostik oswa yon twoub.

Fanmi yo ka reve avni an. Yo gendwa chache repons sou sèvis ak sipò— e si nou eseye yon rejim espesyal oswa si nou te ka jwenn yon lòt terapi oswa ale nan yon lekòl diferan? Yo gendwa enkyete sou sa ki rive lè— li vin pi gran, gen travay, oswa vle gen fanmi. Epi lòt fanmi sèvi ak emosyon yo pou enèji pou jwenn enfòmasyon epi jwenn aksè ak entèvansyon pou timoun yo.

Fanmi yo fè eksperyans ak yon latriye emosyon, epi yo chanje ofiramezi tan pase. Genyen monte, genyen desann. Pa genyen bon oswa move repons pou fanmi yo.

Li enpòtan pou doktè yo, founisè entèvansyon prekòs yo, fanmi pwolonje ak zanmi yo tand epi konprann. Ofri pou w sanble enfòmasyon, rezoud pwoblèm, oswa fè yo rankontre ak lòt fanmi. Reponn ak konpasyon epi ak yon konpreyansyon sipò emosyonèl fanmi an bezwen pou konstwi konfyans nan relasyon an epi sipòte potansyèl timoun nan.

Dyapozitif 19: Videyo: Konman w santi w lè w aprann pitit ou a gendwa gen otis?

Nan lektè videyo sa a ou pral tand e 4 paran k ap pale sou reyaksyon emosyonèl yo lè yo te aprann pitit yo gendwa gen otis. Ou pral wè pitit yo lè yo gen laj diferan yon fason pou w ka wè eksperyans diferan fanmi sa yo. Fè fas ak estigmatizasyon otis la te yon obstak pou yo tout. Ou pral tand kijan eksperyans yo ak entèvansyon an te ede yo konsantre enèji yo epi avanse nan yon direksyon pozitif.

...Lè Se Premye Pitit Ou: Katie

Nou pa t gen eksperyans, epi lè nou vin aprann te gen yon bagay ki pa nòmal, ou santi, sa di pou gen yon bagay ki pa nòmal kay pitit ou. Sa te vrèman difisil pou mari m, epi pi di pou mwen toujou. Mwen pa konnen kisa sa te ye, men li te sèlman, sa te vrèman akable li. Epi tou, evidaman, ou konnen, kounyea, se tankou yon bon finisman. Men sa te vrèman difisil, pou tand e koze sa ki rele “otis” la. Epi, anfèt, lè mwen te premye tand e yo, mwen pa t konnen kisa li te ye epi mwen te panse pitit mwen an pral konpòte li nan yon fason dwòl oswa etranj, epi ni mwen ni mari mwen panse ak fim ki rele Rain Man nan. Mwen toujou pale de sa, men se sa nou te panse de mesye nan Rain Man nan epi fason li

te diferan, epi èske pitit fi nou an pral konpòte li menm jan an? Epi se te jis anpil bagay ki t ap travèse lespri nou ki pa t pozitif.

Deteksyon prekòs te enpòtan anpil pou nou paske nou te kapab jwenn èd nou te bezwen yo bonè. Pou di byen, nou pa t konnen si Katie te gen yon pwoblèm. Nou te panse li te jis yon tijan diferan. Anfèt, mwen te vrèman kontrarye lè mwen te fèk aprann sa. Mwen te fache. Mwen pa t menm vle pale ak dam ki te rele m pou dim yo te panse gendwa se ta Otis. Men apre 24 èdetan, mwen te plizoumwen remete tèt mwen anplas. Mwen menm ak mari mwen te deside pou nou te sèlman bezwen tandè dam ki te rele nou pou ba nou enfòmasyon, pou tandè li pou wè sa li te genyen pou li di nou epi kisa li ka ofri nou. Epi se te yon bon bagay nou te tandè paske èd byen bonè nou te resevwa a te ede pitit fi nou an, nou panse, pratikman simonte kèlkeswa pwoblèm li te genyen lè li te piti.

Manman m te panse ke pa t gen anyen ki mal ak pitit mwen an, kidonk li pa t bezwen ankenn èd; kòmkiwa li te sèlman gen reta nan devlopman li. Em, mwen pa t janm di papa m sa. Ou konnen, sa gen twazan kounyea epi mwen pa janm di l sa. Sa etranj fason jan kèk moun te dispoze bay sipò men gen kèk ki pa t bay, epi ki te andout. Men, ou konnen nou jis, fason nou te gade sa, nou te genyen yon opòtinite ekstrawòdinè pou jwenn èd, epi se toujou konsa, nou toujou panse sou sa. Se te sa, sa pa t koute nou anyen, sèlman tan pou nou te jwenn èd nou te resevwa a. Epi jan mwen te di a, kèk manm fanmi nou te bay anpil sipò epi kèk nan yo te andout anpil. Epi jiska jodia, alòske pitit mwen an tèlman anfòm se tankou jan yo di sa a, “mwen di w sa deja, timoun nan pa gen ankenn pwoblèm.” Men mari m avèk mwen konnen se èd nou te jwenn bonè a, wi nou kwè, ki te ede li avanse.

...Lè Se Premye Pitit Ou: Ryan:

Lè mwen ale kay pedyat la san ankenn enkyetid. Li pa t gen ankenn enkyetid. Sa vrèman difisil espesyalman pou yon premye pitit, pou pa reyalize jan li dousman. Epi dezyèm nan vin fèt, epi mwen reyalize li te yon timoun ki dousman anpil. Epi ansuit—Mwen te vin yon tijan enkyete paske li te pran reta pou li mache, reta pou li pale. Epi pou mwen te gen yon bagay ki te byen, men te gen de ki pa t byen. Mwen konnen byen rezon ki fè pedyat la pa t enkyete a se paske kapasite resepsyon li te bon anpil. Li te konprann tout bagay, epi jiska jodia li toujou adapte li.

Mwen vrèman kontan li—plizoumwen se yon adolesan nòmal. Mwen vle di ankò kèk nan—kèk enkyetid sosyal, men li pa pè lanse tèt li. Li te nan kou dans segondè—Kè li te kontan anpil pou aprann nouvo bagay konsa, sa siprann mwen. Mwen panse—pi gwo bagay la pou mwen se jis—antanke nouvo paran—pa konnen epi sa pa t fristre li limenm. Em—donk, pa t konnen sa k t ap pase la a. Epi mwen jis ke—panse entèkansyon prekòs la, ou konnen, sa te itil anpil. Epi tou, mwen sonje m t ap reflechi pandan n t ap travèse sa byen ankenn nan terapi n ap fè yo p ap fè li mal. Donk, poukisa pou m pa fè yo a, ankenn nan—tès, se te jwèt, em epi li te bon pou li. Kounyea mwen sonje—okòmansman ak kèk nan terapi a nou te fè anpil ladann, mwen panse ke terapi fizik la te, mwen te panse—ok—te yon tijan depase, kounyea m ap travay, li pa t ap travay men—mwen te toujou santi pandan m ap jwe avèk li sa te dwe fèt nan yon objektif epi sa... wi li ta sanble efò sa yo vrèman rekonpanse epi rive lè pou li ale nan kindègadenn, li te toujou nan klas nòmal.

Si li te—Mwen sipoze youn nan pi gwo bagay nan lè w resevwa yon dyagnostik mwen te wè sèke w resevwa èd. Epi si w pè dyagnostik sa a, ou anpeche pitit ou jwenn resous. Epi ak Ryan, gwo bagay la se te sou plan akademik, li pa t bezwen anpil. Epi mwen t ap gade lòt timoun yo ki pa t resevwa èd paske paran an pa t vle yon etikèt. Epi sa— se youn nan pi gwo bagay mwen te wè sèke yo pa make w, yo pa pral ba ou èd nan ankenn bagay jiskaskè pitit ou echwe. Epi avèk Ryan, li pa t janm gen echèk sou plan akademik, li ase entèlijan pou li gen bon rezilta sou plan akademik, men se bagay sosyal la li te bezwen—èd nan refektwa a. Epi san dyagnostik sa a, pa t ap genyen entèkansyon nan nivo lekòl la. Epi sa te vrèman itil—nan nivo primè. Nivo primè te pi fasil nan sa ki gen pou wè ak pale paske tèlman genyen anpil timoun k ap fè travay atikilasyon li gendwa jis rankontre, lè timoun yo te reyini pou atikilasyon, donk li te menm kote ak timoun nòmal epi li travay sou konpetans sosyal yo. Sa, sa se petèt pi gwo bagay la pa enkyete w de etikèt. Se pa pou tou lavi. Li se—pitit mwen pa nan

IEP ankò, li pa bezwen li ankò. Em—wi li kapab, pou mwen, sa ka vrèman ede epi pa pè sa. Ke pifò nan—Mwen te gen yon bon zanmi mwen ki se yon terapis lapawòl ki vin dekoupri jan paran an te gen yon pwoblèm lè li te piti epi donk li pa t vle pitit li gen anyen ki pa nòmal. Epi nou te menm gen fanmi ki di nou, “Oo, regrèt tande sa.” Bon, mwen pa regrèt pitit mwen an ditou. Li gen kèk bagay lakay li ki enteresan anpil. Li ka di w ki nòt klimatizè a ap bay —ri <<Papach.

...Lè Se Premye Pitit Ou: Charly

Epi li di, “bon” —Onètman, mwen pa sonje pawòl yo. Mwen li te di, “mato a”, ou konnen, Charly te fè nòt sa a nan kategori otis. Epi mwen sonje, mwen te jis kontinye apèl la tankou yon wobo epi mwen rakwoche, mwen jis kage tèt mwen deyè epi m jis kòmanse kriye san rete. Epi manman m, podyab manman m, li pa t gen ankenn ide a kiyès mwen t ap pale epi li te vin vizite m, li pa t ap tande konvèsasyon an epi li di byen fò, “kisa k gen la a? O Bondye, kiyès ki mouri?” Epi mwen reponn, “Se petèt sa”, paske mwen te tèlman rete fikse ak ide si Charly gen otis, sa pral touye nou tout. Sa ap touye mari mwen. Sa ap efase tout bagay.

Se yon bagay ki konpreyansif epi natirèl pou moun ki bò kote w eseye rekonfòte w epi fason moun rekonfòte w se di w aksepte tout bagay. Ou te gendwa gen kansè epi w ap jwenn moun ap di w, “tout bagay ap byen pase—tout bagay ap byen pase.” Em—Epi sa pa—diferan, si sa pa pi mal menm, paske sa moun yo pral fè, se menm bagay la donk...donk mwen te fè. Yo jis gade timoun nan, epi yo chwazi kèk bagay espesifik, kapasite espesifik epi yo fè deklarasyon tankou: “Bon, li pa ka gen otis paske li fèk gade m nan je.” “Li pa ka gen otis, paske mwen fèk site non li, epi li vire gade m. ““Li pa gen otis paske li pale.” Sa a se bagay ki pi gwo a... em paske gen nosyon prekonsi sa a sou otis ki genyen 5 atribisyon epi si w pa koresponn ak egzakteman 5 lan ou pa gen otis.

Donk, sa te pran m kèk semèn pou m te simonte—mòtifikasyon an, epi mwen jis fè tèt mwen travay. Epi mwen te panse, mwen p ap fè menm erè a ak Charlie. Mwen pral sipòte li nan tout fason mwen kapab. Epi mwen te jis panse, oke, pa genyen non fwa sa a, pandan m panse nan refleksyon m mwen pa bezwen sa y ap di m yo. Oswa tout bagay ap anfòm san sa. M ap tande tout sa yo di yo. M ap pi bon elèv ki genyen. M ap fè tout sa ki nan posib mwen pou Charly paske mwen konnen jan sa enpòtan—pou ede li.

Men mwen vrèman santi sitiyasyon Luke la te ede nou evalye Charly byen bonè parapò ak fason nou te ka janm wè li. Epi li te ede nou rive nan kòmansman trajektwa chanjman sa a pou Charly. Donk se te yon benediksyon nan yon fason pou Charly paske li te resevwa èd li te bezwen nan men frè li . Epi mwen jis—ou konnen dwe tèlman genyen anpil Charly deyò a ke paran yo jis kontan aksepte yo, epi sa bèl. Epi se sa w ta dwe ap fè, men aksepte epi ede—aksepte epi renmen—epi travay. Ou konnen, pa genyen wont nan ede yon timoun ak nenpòt lòt kalite mank, donk pa ta dwe gen youn pou ede yo ak twoub sosyal oswa twoub sansoryèl oswa otis kòm etikèt. Ou konnen antanke sosyete nou pa ta dwe pè yon etikèt nan yon pwen kote li fè nou pa ede pitit nou.

...Lè Se Premye Pitit Ou: Brandon

Mwen panse li te ka—petèt gen—ennan petèt— li te genyen 10 oswa 11 mwa, mwen ta di definitivman ennan. Mwen sonje byen klè, mwen te di pawòl sa yo, “se kòm si prèske li te disparèt.” Li te renmen pale. Li te renmen di “mama”, “baba”. Li te pale epi li te marasa, donk li te konn sèvi ak plis mo oswa son sa yo pou komikasyon sa yo pase frè li a. Donk pa t janm gen bagay konsa, epi onètman tou, mwen te plis enkyete pou lan pase Brandon. Epi yon jou, li jis sispann pale. Apa de lè m ap ba li manje je nou kontre, te sèlman genyen yon—yon rega byen move. Li te toujou konn fikse lòt bagay, nan yon fason, li pa t janm konn gade mwen. Epi mwen te jis panse kèk nan konpòtman sa yo te etranj. Donk, nan moman yo te vin gen egzamen anyèl yo mwen di pedyat la sa. Epi li jis imedyatman—li pa t janm di kisa enkyetid li te ye—okòmansman li te di, “Oke, nou pral fè egzamen tande; nou pral fè egzamen vizyon; nou nan etap eliminasyon an.” Mwen panse, ansanm ak anpil lòt paran, ou evidaman refize aksepte sa, donk jis alse ansanm avèk li, pandan w ap espere sa ki pi bon,

men mwen konnen nan fon kè mwen—ke te genyen—wi espesyal—men gen yon bagay yon ti jan diferan. Gen yon bagay—li pa konekte avèk mwen ankò, e m pa konn poukisa.

Epi mwen panse antanke paran, mwen toujou di gen kèk fwa nou konnen. Nou gendwa pa vle admèt oswa aksepte sa. Men, mwen te konnen te gen yon bagay. Epi mwen ta swete pou plis paran rekonèt bagay sa a. Epi mwen te alèz ak nenpòt bagay la. Si li te detèmine sesi te sesi pa t—kòmkiwa li p at nan espektwòm nan, alò sa pa t ap yon pwoblèm. Men, mwen te konnen te gen yon lòt bagay. Donk—Mwen te konnen mwen pa t jis ka inyore li epi se pa t sa—Se pa t yon sipriz—se pa t yon chòk—se te kisa pou m fè, ak kòman mwen ka ede li. Konsèy mwen se—pa tann. Mwen pa ka imagine—ki kote nou t ap ye san entèkansyon prekòs la. Mwen swete pou paran yo pa pè.

Mwen panse nou bezwen—nou bezwen li plis istwa reyisit. Nou bezwen wè pitit nou nan divès laj, divès etap. Pou montre y ap fonksyone; yo anfòm; yo kontan; yo reyisi. Sa soti nan premye timoun ki te dyagnostike pou sila yo ki, ou pa t ap menm remake si w ta wè yo nan lari. Mwen panse nou bezwen tout kalite istwa reyisit epi mwen panse sa ap ede soulaje—soulaje—debarase kèk nan pè nou genyen an kòm si se ta jis yon “santans lanmò” alòske se pa sa.

Dyapozitif 20. Videyo: Kijan yon doktè ka sipòte fanmi yo?

Pèspèktiv Pedyatrisyen: Dr. Jeff Brosco, MD, Pwofesè nan Clinical Pediatrics, University of Miami
[Entèkansyon prekòs amelyore rezilta yo](#) (tèks sou ekran)

Sa vrèman senp anpil. Nou konnen entèkansyon prekòs amelyore rezilta yo. Donk pou chak timoun kote ki ka genyen enkyetid sou komunikasyon oswa entè-aksyon sosyal yo, nou vle asire nou nou okouran byen bonè otanke sa posib.

[Plis bonè plis sa bon](#) (tèks sou ekran)

Paske plis nou kòmanse kèk entèkansyon bonè, plis sa bon sou lontèm pou timoun sa a ansanm ak fanmi li. Kounyea, mwen ka konprann poukisa kèk fanmi ka gen ti perèz. Kèk lòt fanmi akeyi dyagnostik la epi anpil lòt jis pa konnen.

[Fanmi yo ap revaji nan fason diferan](#) (tèks sou ekran)

Epi, sa rive ke si w genyen enkyetid sou jan pitit ou ap grandi, pale, mache, devlope, entè-aji ak lòt moun, alò nou konnen plis nou kòmanse ede timoun sa a epi ede fanmi sa a bonè plis sa ap bon sou lontèm.

[Chak paran vle sa ki pi bon pou pitit yo](#) (tèks sou ekran)

Chak paran vle pou pitit yo devlope nan pi wo nivo potansyèl li. Epi valè tèz bonè kay pedyat oswa kay doktè fanmi an oswa nenpòt pami plizyè kote tèz la ka fèt yo, se si nou rekonèt bonè ke timoun nan genyen nenpòt reta, donk nou ka ede touswit.

[Rekonèt reta yo byen bonè](#) (tèks sou ekran)

Menm lè sa ta rive yon timoun pa ranpli kondisyon yo pou yon dyagnostik espesifik, yon lòt fwa ankò nou konnen paran yo vle sa ki pi bon pou pitit yo.

[Enfòmasyon anplis sou devlopman nan avantaj tout moun](#) (tèks sou ekran)

Donk opòtinite pou bay enfòmasyon anplis sou devlopman se yon bagay ekstrawòdinè. Epi mwen panse chak fanmi t ap renmen sa, epi nou konnen tout pwofesyonèl yo ap enterese nan asire yo nou fè sa.

Dyapozitif 21. Kisa w te aprann sou deteksyon prekòs ak entèkansyon prekòs?

Kounyea annou verifiye konesans ou sou enpòtans deteksyon prekòs ak entèkansyon prekòs. Revize kat deklarasyon yo epi klike sou tout sa ki verite yo. Sonje, plis pase yon deklarasyon gendwa verite.

[Poukisa deteksyon prekòs ak entèkansyon prekòs enpòtan?](#)

- Konesans sou makè konpòtman fè li posib pou dyagnostike otis nan tranch laj 18 a 24 mwa.
- Atansyon sosyal enpòtan paske li afekte fason endividi tande pawòl, gade figi, epi aprann sa ki enpòtan nan anviwònman ki pa bò kote yo.

- Pwogram entèvansyon prekòs yo aktyèlman kapab idantifye ak presizyon jèn ti moun epi bay sèvis ki sifizan pandan peryòd esansyèl sa a.
- Sible rezilta ki siyifikatif, tankou kominikasyon sosyal, patisipasyon nan aktivite fanmi yo, ak angajman aktif pou sipòte aprantisaj, sipòte wòl fanmi an nan entèvansyon prekòs la.

Bouton: Chwazi Repons

Tout deklarasyon yo se verite, eksepte twazyèm nan . Yo pa idantifye pifò timoun yo jiskaske yo gen laj 4 ane (CDC, 2012) epi resevwa yon minimòm sèvis espesyalize espesifik sou mank esansyèl yo sa ki diminye enpak entèvansyon prekòs la.

Kisa rechèch aktyèl yo di nou sou to frekans ak kòz otis?

Dyapozitif 22. A ki pwen otis komen?

Estimasyon to frekans espektwòm twoub otis an 1970 te 1 sou 2500, sa ki te fè se te yon twoub ki ra. To frekans lan te ogmante 1 sou 500 an 1995, 1 sou 150 an 2007. Estimasyon to frekans ASD kontinye ogmante nan dènye ane yo ki pase yo. Estimasyon resan yo baze sou egzamen ki fèt ak prekosyon sou dosye lekòl timoun ki gen 8 ane nan Etazini.

Puiske to frekans lan ogmante, pousantaj ki pa genyen andikap entèlektyèl yo te ogmante tou. An 1995, yon ka endividi ki genyen ASD te gen yon kapasite entèlektyèl mwayen oubyen ki depase mwayèn. Sa te ogmante a yon tyè jiska deminan dènye ane yo. Menm lè, pi gwo ogmantasyon an te fèt kay sila yo ki genyen pi gwo kapasite konyitiv.

Yon etid ki te fèt an Kore ki chita sou tès sou total echantiyon yon popilasyon ak evalyasyon jeneral ak etidyan ke yo teste pozitif rapòte estimasyon to frekans 1 sou 38 timoun. De tyè nan echantiyon sa a te jeneralize epi yo te fonksyone san dyagnostik.

Ou ka jwenn yon sentèz tou kout sou rechèch sou estimasyon to frekans ak lòt sijè sou otis nan Brèf Rechèch nan “**Tools**” (Zouti), nan pati anwo ba navigasyon an.

Dyapozitif 23. Poukisa ta sanble otis ap ogmante?

Genyen plizyè rezon pou eksplike poukisa estimasyon to frekans lan te ogmante depi nan ane 1970 yo jiska nan dènye ane yo.

- Kritè dyagnostik yo vin pi laj pou pran yon espektwòm sentòm.
- Pi bon tès ak zouti dyagnostik disponib.
- Gras ak medya yo, konsyantizasyon piblik la ogmante.
- Lekòl yo konte otis kounyea paske yo te ajoute li nan yon kategori separe nan Individuals with Disabilities Education Act (Ak Edikasyon Moun ki Andikape) an 1991.
- Genyen plis moun ki dyagnostike toujou ak yon otis modere kidonk yo pat konn dyagnostike anvan.
- Sentòm otis yo kay yon timoun ka varye selon kad yo epi soti nan yon aktivite pou ale nan yon lòt.
- Yon timoun ki genyen otis gendwa konpòte li nan fason trè diferan lakay li an konparezon ak lekòl li, nan gadri, oswa nan kad yon klinik.
- Sentòm yo gendwa varye tou depan de estrikti yo bay yo, demann yo fè timoun nan, epi sipò lòt moun ofri.

Nan ka sa a, estimasyon to frekans yo gendwa varye tou depan nan ki kad ak sitiasyon dyagnostik enfòmasyon dyagnostik ki rasanble pou evalye konpòtman ak sentòm yo. Ka petèt genyen lòt rezon ki ka afekte to frekans ASD ki rete pou yo detèmine.

Dyapozitif 24. Kisa nou konnen sou sèvo a ak sou otis?

Lide ki di otis se yon twoub newolojik popilè anpil, men kòz egzat oswa plizyè kòz yo enkonni. Genyen kounyea yon kò rechèch ki te rive idantifye rejyon espesifik ak sistèm nan sèvo a, ki parèt anòmal nan imajri sèvo ak etid otopsi moun ki gen espektwòm otis.

Anplis de kòtèks serebral, ou ka wè pa deyò sèvo a, senk lòt rejyon te idantifye, ki pa anba oswa pwofon nan kòtèks la, genyen ladann sistèm lenbik la, kòpis calosoum, gangliyon baz la, tij sèvo ak sèvelè a.

Rejyon sa yo konekte youn ak lòt gras ak yon sistèm nan sèvo a ki regilarize emosyon, atansyon, kominikasyon ak langaj, konesans, repons sansoryèl, ak mouvman. Menm lè nou gendwa pa konnen koz egzat otis, karakteristik yo asosye ak konektivite ki pa nòmal nan rejyon sa yo nan sèvo a.

Rechèch nan imajri sèvo te montre yon ogmantasyon ki pa nòmal nan gwo sèvo a nan premye ane lavi kèk timoun ki genyen otis. Rechèch aktyèl yo konsantre sou dekouvri mekanis jenetik, selilè, ak molekilè ki nan baz “kwasans depase sèvo” a.

Dyapozitif 25. Ki wòl jenetik yo jwe?

Nan moman sa a, rechèch yo sigjere faktè jenetik yo jwe yon wòl prensipal nan koz otis. Nou konnen sa paske etid jimo te montre si yon vrè jimo genyen otis anjeneral lòt la ap genyen li tou. Anplis, frè ak sè genyen yon pi gwo risk pou yo non sèlman vin genyen otis men pou lòt reta nan devlopman. Genyen plis ti gason lontan ki afekte avèk 4 sou chak 5 timoun ki gen otis se ti gason.

Nan moman sa a, li ta sanble ke karakteristik otis asosye ak plizyè jèn, menm lè se sèlman kèk nan yo yo te rive idantifye. Kèk pami jèn yo te jwenn yo egziste nan fanmi yo alòske genyen lòt ki pa egziste nan fanmi yo.

Genyen petèt anpil faktè nan anviwònman an ki gendwa jwe yon wòl nan koz otis ke y ap etidye. Aksan ki pi enpòtan nan rechèch aktyèl yo se sou konpreyansyon relasyon ant jèn ak anviwònman an. Rechèch yo sigjere gen anpil jèn diferan ki kontribye a yon ti kantite fèb nan risk, epi fè entèraksyon ak lòt jèn ak faktè nan anviwònman yo, pou deklanche karakteristik klinik yo.

Dyapozitif 26. Kòman sèvo a, jèn yo, ak anviwònman an fè echanj youn ak lòt?

Pandan n ap etidye echanj ant jèn ak anviwònman an, yo kòmanse wè otis antanke twoub byolojik, ki non sèlman enplike sèvo a, men enplike tou sistèm iminitè a, sistèm gastwoentestinal la, ak/oswa sistèm metabolik la pou kèk timoun.

Genyen yon kontwovès k ap kontinye sou lyen otis genyen ak vaksinasyon. Rechèch medikal aktyèl yo pa t jwenn yon asosyasyon. Nou konnen jan vaksen genyen risk, men yo **pa** jwenn risk sa yo asosye ak kòz otis oswa ogmantasyon chans pou genyen li.

Sepandan, genyen petèt anpil faktè nan anviwònman an ki gendwa jwe yon wòl nan otis epi y ap etidye kiyès ki gendwa debouche sou pi bon konpreyansyon plizyè sistèm byolojik ak etyoloji ki nan baz otis.

Rechèch sou echanj ant jèn ak anviwònman ap kontinye pou ede dekòtoke lobirèt sa a ki rele otis la.

Ou ka jwenn yon sentèz rechèch aktyèl sou koz otis yo nan Kontrandi Rechèch yo ki twouve yo nan “**Tools**” (Zouti), nan ba navigasyon ki anwo a.

Dyapozitif 27. Kòman pou w rete ajou nan rechèch sou otis?

Li difisil pou rete ajou nan enfòmasyon sou otis. Paj wèb chak nan twa gwo ajans federal sa yo se bon resous sou rechèch aktyèl sou otis.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon aktyèl sou otis nan “**Tools**” (Zouti).

Dyapozitif 28. Kisa w te aprann sou to frekans ak kòz otis?

Kounyea annou verifye konesans ou sou to frekans ak kòz otis. Revize kat deklarasyon yo epi klike sou tout sa ki verite yo. Sonje, plis pase yon deklarasyon gendwa verite.

Kisa nou konnen sou to frekans ak kòz otis?

- Konsyantizasyon piblik wo nivo ak bon tès ak mezi dyagnostik se de pami plizyè rezon to frekans ASD te ogmante.
- To frekans aktyèl ASD ki baze sou egzamen dosye lekòl di li 1 sou 110.
- Rechèch aktyèl sigjere karakteristik otis yo asosye ak anpil jèn menm lè ke yo te sèlman rive idantifye kèk nan yo.
- Entè-aksyon jèn yo youn ak lòt epi ak anpil lòt faktè ki nan anviwònman an gendwa bay pi bon eksplikasyon global sou kòz otis yo.

Bouton: Chwazi Repons

Tout deklarasyon yo se verite, eksepte dezyèm nan. Daprè rapò CDC ki pi resan an yo plase estimasyon an 1 sou 68.

Dyapozitif 29. Kiyès ki te ede kreye epi devlope Navigatè Otis?

Se Autism Institute (Enstiti Otis) nan Florida State University College of Medicine ki te kreye Navigatè Otis. Pou aprann plis sou Autism Institute (Enstiti Otis) klike sou logo nou an.

Yon remèsiman espesyal pou tout fanmi ak pwofesyonèl ki te bay pèmasyon pou pataje videyo sa yo yon fason pou nou te ka aprann apati de eksperyans yo. Yo se rezon ak resous ki te rann Navigatè Otis posib.

N ap remèsye tou Prometheus Research ak Florida Center for Interactive Media. Ou ka aprann plis sou ekip konsepsyon wèb nou an, pou sa klike sou logo yo a.

Finalman, nou vle remèsye w pou enterè w ak tan w te konsakre pou aprann sou otis. Puiske kounyea ou ame ak enfòmasyon epi fè anpil pratik nan obsèvasyon jèn timoun, nou espere ou gen konfyans nan rekonèt karakteristik prekòs otis epi w konprann enpòtans deteksyon prekòs la. Ou jwe yon wòl ki enpòtan anpil nan ranfòse kapasite kominote w la, pou asire w fanmi yo ka benefisye de fenèt opòtinite esansyèl sa a, lè anviwònman an ka genyen pi gwo enpak sou aprantisaj ak devlopman. Menm pou timoun ki pase laj entèvansyon prekòs la, jodia pi bonè pase demen epi ane sa a pi bonè pase lòt ane. Nou espere ke Navigatè Otis ap ede fanmi ak pwofesyonèl santi yo pi alèz nan aji pi vit si yo sispèk genyen ASD. Jwenn entèvansyon efikas k ap mache se sa ki fè genyen plis istwa reyisit, ki pral ede retire estigmatizasyon otis, epi pral amelyore rezilta pou timoun ki gen espektwòm twoub otis.